ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№165 (23.073) • 2015 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 27, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр сом 15-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Информацэр хъумэнымкІэ щыІэ ведомствэ зэхуаку комиссэм хэтхэр къэщтэн.

2. Къэру ямыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и унафэхэу:

№66-РГ-уз 2014 гъэм мэкъуаурэгъуэм и 27-м къыдэкІам

№ 18-РГ-уз 2015 гъэм мазаем и 24-м къыдэкІам.

3. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм шыщхьэуІум и 24-м
№103-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм шыщхьэуІум и 24-м къыдигъэкІа Унафэ №103-УГ-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Информацэр хъумэнымкІэ щыІэ Ведомствэ зэхуаку комиссэм хэтхэр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ*Іыр (комиссэм и унафэщІ)*

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(комиссэм и унафэщым и къуэдзэщ)*

Волошин В. В. - Урысей Федерацэм хъумэныгъэ ІэхъуэхмкІэ и федеральнэ Іэнатіэм связь хэхамрэ информацэмкІэ и центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Дружинин Н. Г. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и режим - щэхъуэхъумэ секторым и заведующэр

Жекеев А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и ящэ къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Залиханов Кь. Х-О. - къэрал кІуэцІ ІэхъуэхмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Куквэ А. Н. - связым, информацэ технологиехэм, цІыхубэ коммуникацэхэм я Іэнатіэм кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ Іэхъущ*Іапі*эм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэр

Надежин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьыныгъэм и Іэхъуэхмкі, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъукъащІэхэм къаша къулейсызыгъэхэм я Іэужьхэр гъэкІуэдыжьымкІэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Синицкий А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іэхуэхэр зезыхьэ управленэм информацэхэр технологиехэмкІэ и департаментым и унафэщІыр

Усов О. Л. - Урысей Федерацэм шынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ Іэнатіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ управленэм и унафэщІыр (зэгурыІуауэ)

Фочышіэ Н. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Шишкин А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іэхуэхэр зезыхьэ управленэм информацэ технологиехэмкІэ и департаментым и унафэщІыр техникэ ІэмэпсымэхэмкІэ хъумэнымкІэ и къудамэм и унафэщІыр *(комиссэм и секретарщ)*.

● Дыгъуасэ

Дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм КІуэкІуэ Юрий щыІущІащ Егъэджэныгъэ Іэнатіэм кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Кравцов Сергей

ЗэІущІэм егъэджэныгъэм и фІагъыр къэІэтыным пыщІа Іуэху куэдым щытепсэлъыхьащ. Кравцов Сергей псом хуэмыдэу къыхигъэщащ ЗыуэІ щыт къэрал экзаменхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым сыткІи зыхуей хуэзэу 2015 гъэм зэрыщрагъэкІуэкІар, цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтын Іэнатіэр хэпшІыкІыу зэрефІэкІуар.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ Іэнатіэм кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэри къадэІэпыкъуурэ республикэм Іэжьыгъэшхэр щызэфІагъэкІащ еджакІуэхэм я щІэныгъэр зыхуэдэр нэсу икІи нахуэу хэхэпщытэным хуэунэтІауэ, кІыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

КІуэкІуэ Юрийрэ Кравцов Сергейрэ жаІащ КъБР-м егъэджэныгъэ Іэнатіэр щегъэфІэкІуэным, зи Іэщ*Іагъэм* фІыуэ хэзыщІыкІ егъэджакІуэхэр гъэхьэзырын дяпэкІи егугъэн зэрыхуейр.

Егъэджэныгъэ Іэнатіэм кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІым КъБР-м и Іэтащхьэм кьритыжащ «зыуэ щыт къэрал экзаменхэр егъэкІуэкІынымр 2015 гъэм тэмэму кьызэгъэпэща хъуным хуищІа хэлъхьэныгъэшхэм папщІэ» кьыхуагъэфащэ, Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Ливанов Дмитрий кьыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьылъыр.

Кравцов Сергей а махуэ дыдэм хэтащ республикэм и егъэджакІуэхэм я зэхуэсыщхьэм, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм зэІущІа щригъэкІуэкІащ.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ*Іапі*э.**

Унафэщ*І*ыр ярегъэц*І*ыху

● Къулыкъу

МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и унафэщІ кулыкъур дзыхь хуащІащ къэрал куэцІ къулыкъум и подполковник Шаламов Виктор Иван и къуэм. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-майор Ромашкин Игорь блыщхьэ махуэм унафэщІыщІэр щыудамэм и лэжьакІуэхэм яригъэцІыхуащ.

РОМАШКИН Игорь щІэуэ агъэува унафэщІым зыщІэхуигъаззэм кулыкъущІэм ехьуІэныгъэхэр щызыІэригъэхьэмэ зэриГуатэр жиІащ. Апхуэдэуи ар къытеувыІащ ящэ игъэщІыпхъэу гупым кьыпэщыт кьалэнхэм - хабзэр кьыщызэпаид къэмыгъэхьуныр, щІэпхъаджагъэм ебэныныр, хабзэхъумэм фІы хужаІэныр гъэбыдэныр.

А махуэ дыдэм Іэнатіэм и Іэтащхьэр яхуэзащ Прохладнэ районым и къэрал властым и органхэм, хабзэхъумэ Іуэхущ*І*апІхэм я унафэщІхэм, къудамэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым, Ветеранхэм я советым хэтхэм.

● Къулыкъу

* * *

Шаламов Виктор Иван и къуэр 1964 гъэм фокІадэм и 16-м Дагъыстэн АССР-м хыхьэ Кизляр къалэм къыщалъхуащ.

ЩІэныгъэ нэхъыщхьэу 2 иІэщ: экономист, юрист.

1982 - 1984 гъэхэм Афганистаным кулыкъу щиІащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ органхэм 1985 гъэ лъандзрэ щолажьэ. Дагъыстэн Республикэмкіэ МВД-м, Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Ставрополь крайм щыІэм кулыкъу щищІащ.

2015 гъэм мэлыжьыхьым щыщІэдзэу Урысей МВД-м и управленэ нэхъыщхьэу Ставрополь крайм щыІэм и «Георгиевск» къудамэм и унафэщІым и къуэдзэу лэжьащ.

Унагъэущ, сабиипл*І*и*І*эщ. «Вагъуэ пльыжь» орденыр кьыхуагъэфащащ.

***Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ*Іапі*э.**

Мы махуэхэм

Шыщхьэ*І*ум и 27, *махуэку*

♦Урысей кином и махуэщ

♦Молдовэ Республикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм къащтащ ар къэрал щхьэхуэ зэрыхъуам теухуа Декларацэр.

♦1955 гъэм Инджылызым дунейм кьыщытехьащ Рекордхэр зратхэ Гиннес и тхылъыр.

♦2000 гъэм Москва и Останкинэ телечэщанэм мафІэсышхуэ зыщыкІыхьащ. Зы жащ-махуэкІэ яхуэгъэункІыфІауэ араш унэм хэщІыныгъэшхуэ езыта мафІэр. Чэщанэр зэгъэпэщыжьын щаухар 2004 гъэм и кІэухырщ.

♦Америкэм щыщ ткачІуэшхуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Драйзер Теодор** кьызэралъхурэ илъэси 144-рэ ирокъу.

♦Совет акторсэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Раневская Фаинэ** кьызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦США-м и 36-нэ президент **Джонсон Линдон** кьызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Урысей, украин актёр, СССР-мрэ Украинэмрэ я цІыхубэ артист **Ступкэ Богдан** кьызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, КъБКъУ-м и доценту щыта **Бозий Лудин** кьызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Кьантемыр Тыркубий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦ЖылагъуэІ лэжьакІуэ, Абхъазым и ЛІыхъужь **Килбэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жащым градус 14 - 15 щыхъуныщ.

Шыщхьэ*І*ум и 28, *мэрем*

♦1920 гъэм Урысейм цІыхуу щыпсэур зыхуэдизыр зрагъэщІэн папщІэ, совет къэралыгъуэщІэм и Правительствэм и унафэкІэ, ахэр ящэу кьыхатхыкІауэ щытащ.

♦1924 гъэм Налшык къыщызэрагъэпэщащ Физкультурэмкіэ областной совет.

♦1941 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ Волгэ Іуфэм Іус нэмыцэхэр а щІыпІэм игъэІэпхъуІауэ Сыбырым, Къазахъстаным, Курыт Азием щэным теухуауэ. Нэмыцэхэм я совет автономием и цІыхуэхэм шэч хуащІат фашистхэм ядэІэпыкъуу.

♦Совет тхакІуэ-фантаст, зэдзэкІакІуэ **Стругацкий Аркадий** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъуий Владимир** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Ивашов Владимир** кьызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Гундаревэ Наталье** кьызэралъхурэ илъэс 67-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Мыз Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъуэлпъащ*І*э ТІэхьир** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 24-рэ, жащым градус 15 - 17 щыхъуныщ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХУ Маринэщ.

● Абы дегъэпІейтей

Гуит*І*-щхьит*І*у щремыт!

Ижь зэманым Урысейм и къалэшхуэхэм я гуэгуэш нэхъыбэрэ ущрихьэлІэ хуащ «Утехьэну ухуиткым» дамыгъэм. ЦІыхуэхэм абы «чырбыш» фІащащ. Налшык къалэм и щыпІэ администрацэм брифинг щрагъэкІуэкІащ Толстоймрэ Ахъуэхъумрэ я уэрамхэм зы лъэныкъуэкІэ фІэкІа ущызэкІуэну ухуимыту зэрагъэувам кърикІуахэм.

ЗэІущІэм хэтащ УФ-м Налшык къалэмкІэ и УМВД-м и ОГИБДД-м, транспорт Іуэхущ*І*апІэхэм, ЖКХмрэ щІыпІэкэр зэІуэзэнущ щІынымкІэ и Іэнатіэм я лЫкІуэхэр, транспорт зезыгъакІуэхэр, щІыхьэрым щыпсэухэр.

Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и ящэ къуэдзэ Тонконог Анатолий къыхигъащхьэхукІащ Налшык и гуэгуэхэм ущызэкІуэным егъэщІынІа Іуэхуэхэр зэІуэзэнущ щІынымкІэ и Іэнатіэм я лЫкІуэхэр, транспорт зезыгъакІуэхэр, щІыхьэрым щыпсэухэр.

Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и ящэ къуэдзэ Тонконог Анатолий къыхигъащхьэхукІащ Налшык и гуэгуэхэм ущызэкІуэным егъэщІынІа Іуэхуэхэр зэІуэзэнущ щІынымкІэ и Іэнатіэм я лЫкІуэхэр, транспорт зезыгъакІуэхэр, щІыхьэрым щыпсэухэр.

Псом ящэу ежьэрІащ Ахъуэхъумрэ Толстоймрэ Ар зи зэранкІэ автотранспортыр ГъуэгуэкІэ я бгъуитІымкІи зэрыщагъэувырщ. А щхьэусыгъуэм кьыхьэкІыу уэрамхэр ипэжьитІэкІэ зэв дыдэ мэхъу. Зы лъэныкъуэкІэ фІэкІа ущызэкІуэну хуит ямыщІыну ягъэувмэ икІи а уэрамхэм кьалэ пасэкІэ транспортым зэкІуэпІэ щхьэхуэ хухахмэ, Іуэхур нэхъ тынш хьунущ. ЩхьэтечУ жьпІэмэ, светофорыр гъуэгу зэхэкІыпІэхэм нэхъыфІу щылэжьынущ. Зы лъэныкъуэм тет автомашинэхэм адрей лъэныкъуэмкІэ кьаКІуэ автомобилхэм я рулэм дэхэр жащІэ езыхэм я уэздгъэхэмкІэ зэран яхуэхъунукьым. Ардыдэмкі гъуэгум ущызэкІуэныр нэхъ тынш хьунущ. Кьыхэтлъхьэ Іуэхур зэрысэбэпыр кьигъэлъэгуащ КІыщокъуэмрэ Нэгумэмрэ я уэрамхэм зы лъэныкъуэкІэ фІэкІа ущызэкІуэну ухуимыту зэрагъэувам кърикІуахэм.

Налшык къалэмкІэ УГИБДД-м къызэритамкІэ, Нэгумэм и уэрамым а хабзэр яГъэувын и пэкІэ мазиплІым кьуриубыдэу автомобиль зэжьэхэуэныгъэ 11 кьыщыхьуащ. Абыхэм зы цІыху хэкІуэдащ, пщІым фэбжьхэр хахащ. Ауэ илъэсыр кьызэрихьэрэ блэкІа мазиблым зыми фэбжь зыхиха къэхъуакъым. КІыщокъуэм и уэрамым 2014 гъэм и мазиплІым цІыху пщыкІуэным фэбжь зыхаха автомобиль зэжьэхэуэныгъэу блы щатхащ, ауэ 2015 гъэр зэрыщІидзэрэ апхуэдэ нэщІэбжьэу кьыщыхъуар щы къудейщ.

Щеуплщым транспорт зезыгъакІуэу 445-м жаІащ зы лъэныкъуэкІэ фІэкІа уКІуэну хуит зымыщІ хабзэ гъэувыным зэритльхьэр, 75-р хэуващ ар ямыдэу. Мы Іуэхум аргуэру тепсэлъыхьэнущ щыщхьэуІум и 27-м.

Брифингым хэтахэм къаладзэхэр къыхуражащ шынагъэншагъэм ехьэлІа мы Іуэхум гуитІ-щхьитІу яхущымытыну икІи абы тепсэлъыхьэм яхьыхьэну. Фи Іуэху епІыкІэр яжефІэ хьунущ 8 (8662) 49-58-07, 49-58-22 телефонхэмкІэ (сыхьэти 9-м щыщыщІэдзауэ 18-м нэсыху); 8 (8662) 96-23-22 (жащ-махуэм и сыт хуэдэ зэманми) е ебгъащІэ хьунущ **dn.07gibdd@yandex.ru** электрон адресымкІэ.

ШКІЭЖЬ Ирэн.

● Бахъсэн щІынатъэ

Псыр - гъащІэщ

Бахъсэн кьалэм щыхухэм я псэуныгъэр щегъэфІэкІуэным теухуа лэжьыгъэхэр щызэпыуркъым.

ИМАМЫМ и цІэр зезыхьэ уэрамым газ бжьамийуэ метр 330-рэ щІэуэ щаукъуэдиящ. Абы трагъэкІуэдащ сом мин 640-рэ.

Мы щІыпІэм апхуэдэу лэжьыгъэфІэкр кьыщрахьэлІащ цІыхур зэфэну, кьагъэсэбэпыну псымкІэ кьызэзэпэщыным теухуауэ. Апхуэдэу насосхэр трагъэуващ псы кьыщІэшыпІэу кьалэм иІэхэм. Ахэр псори зэхэту 29-рэ мэхъу. Илъэс куэдкІэ ягъэлэжьа насос станцхэм ящыщ зым насосу 3-рэ псыр зэрыІуащІэ пкьыгъуэмрэ щІэкІэ щызэрахьуэкІащ икІи абы и фІыгъэкІэ гъэнэгу хьэблэхэм зэпыу имыІэу псыр Іэрагъэхьэфынущ.

Мы зэманым Бахъсэн кьалапщэм щаухуэн хуейуэ щыт псы кьыщІэшыпІитІым я щІадзауэ йолэжь. Абы ихьынущ сом мин 400-м нэс. Ухуэныгъэм и етІуанэ Іыхьэри зэрамыгъэгувэным иужь итынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Саугъэт нэхъыщхьэр къехь

«Таврида» урысейпсо щІалэгъуалэ щІэныгъэ форумым хэтахэм социальнэ мыхьэнэ зиІэ я проектэр зэрагъэзэщІэну ахъшэ саугъэтхэр ираг. Зэхуэсым ирихьэлІа Іуэхум и фІагъыр къэпщытакІуэ гупым щыпхигъэкІыфмэ, ахъшэ саугъэту сом мини 100, 150-рэ е 250-рэ къыІэрихьэфынут.

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэхьэм проект нэхъыфІыр кьызэрихахым зэхъуэкІыныгъэ игъуэтащ - форумым хэтхэм я деж уи лэжьыгъэр щыпхьбгъэкІын хуейщ. Ящэ Іыхьэм кІуэцІрыкІам зы дакьикъэм кьриубыдэу щІыхь 500-м я фІэщ щІыфІыр хуейщ и проектыр гъэзэщІэн хуейуэ къыщІилъытэм и щхьэусыгъуэмрэ кьигъэльэгъуа ахъшэм хуэдиз абы текІуэдэну къыщІилъытэмрэ. Зэхьэхьэм хэтхэм нэхъ ягу ирихьа проектыр Іэ!эткІэ къыхахынущ, къэпщытакІуэ гупым ахъшэ саугъэтхэр щытрагъашэкІэ абыхэм я чэнджэщэри Іуэхум къыхалъытэнкІэ хъунущ.

Ди республикэм щыщ Хъалил Болэт и «OredRecordings» проектым сом мин 250-рэ хуагъэфащащ. Іуэхур гъэм и къыхэзгъэпэщакІуэхэм Кавказ Адрыщым, Кавказым, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я пасэрей макъамэ Іуэрыі уатэр зэхуэхьэсыжьымкІэ, ахэр ирагъэтхьажу къыдагъэкІыжьымкІэ лэжьыгъэшхэу ирагъэкІуэкІ. Макъамэ зэхуахьэсыжьахэр зэрырагъэтхьажа дыдэм хуэдэу, зыкІи хэмыІэбауэ, ямыгъэщІэрэщІауэ къыдагъэкІыж.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Іуащхьэмахуэ щІынатъэ

Гъэр яхуэфІщ

Іуащхьэмахуэ щІынаІъэм гъавэм и Іухьыжьыр и кІэм щыноблагъэ.

МЫ ЩІЫПІЭМ мэкъумэш щІапІэу щалыгъ гектар мин 59-м щыщу гъавэр зытрасар гектар 400 кьудейщ. Гектар мини 5-м щІигъуэ мэкъупІэу къамыгъэсэбэпу хьуркъым. Ауэ псом нэхърэ нэхъыбэ зыубыдыр хьупІэхэрщ - гектар мин 54-р. Апхуэдэ щытыкІэми емыльытауэ щІынаІъэм и мэкъумэшыщІэхэр бэлэрыгъыркъым. Мыбыхэм гъавэ щІапІэу гектар 1810-рэ Прохладнэ щІынаІъэм бэджэнду кьыщащтауэ щаІыгъщи, абы щыхасащ гъавэрэ джэшхэкІыу гектар 900-м щигъу.

Іуащхьэмахуэ щІынаІъэм щызэхэт мэкъумэш хозяйствэхэм бжьыкъэсэ гуэдзу гектар 510-рэ щыІуахьыжащ. Абы кьытрахащ тонн 1275-рэ. Хьэпщ*І*ийуэ кьрахьэлІэжащ тонн 460-рэ, зэнтхьыу - 90, бжьыхьэсэ рапсу - 136-рэ.

Дяпэкі Іуахьжьын хуейуэ нартыхур кьапоплъэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щІыхуэхэр здэсэлъэ щыІэм телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

● Налшык

Нэхъ дахэ мэхъу

Щоджэнцыкі*І*умрэ Лермонтовымрэ я уэрам зэхэкІыпІэм пэмыжьыжьу щыІэ лъагъуэр къагъэщІэрэщІэж.

ИЛЪЭСИ 10 и пэкІэ яуха мы щІыпІэр иджы ящэу зэрагъэпэщыжу аращ. Абы асфальтыр телэжьыкІат, тетІысхьэпІэхэр зэхэкъутат, жэщ уэздыгъэхэри блэжьртэкъым.

Мы зэманым ирихьэлІэу бетон бордюр лъахъшэхэр яГъэув. Абы кьыкІэлъыкІуэу лъэс лъагъуэр мывэ плиткэхэмкІэ кьращІыкІынурэ, ихъуреягъым удз гъэгъа, щхьэантІагъэ дахэхэр хасэнущ, и пэкІэ ар зэрыщытам кьыщхьэщыкІыбыу. Мыбдежым екІуэкІыу ит тхьэмпэ зыпыт жыг лІэужьыгъуэхэм бгъурасэнущ псейкэри. Апхуэдэу щІыпІэр кьагъэнэхунущ, тетІысхьэпІэщІэхэри яГъэувынущ.

Лжжьыгъэхэр щызэфІахыну щІыпІэр псори зэхэту гектар ныкъуэ мэхъу.

КъажьщІэрэщІэж лъэс лъагъуэр хьэзыр ящІынущ ди щыхьэрым и махуэр щагъэлъэпІэнум ирихьэлІэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Волгарь» (Астрахань) - 2:2 (пенальтикІэ 5:4)

Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьыным теухуауэ екІуэкІ зэхьэзэхуэм и финалым и Іыхьэ 1/32-нэ ипкъ иткІэ дыгъуэпшыхь Налшык щекІуэкІа зэІущІэм апхуэдэ бжьыгъэ кьрикІуащ. Ди щІалэхэм ящыщу топхэр дагъэкІащ Гугуев Магомедрэ Кузнецов Андрейрэ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Волгарь»-мрэ я зэпэщІэтыныгъэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Экономикэ Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іэуху

Унэхэр зыхуей хуэгъэзэным ціыхухэм ахъшэ щіатын ядэркъым

● ЖКХ

Правительствэр хэплъэжын хуей хъуну къыщіэкІынущ унэ щІыбхэр зыхуей хуэгъэзэн папщІэ ціыхухэм къыхах ахъшэр зэрызыІэригъэхьэну щыкІэм.

2015 ГЪЭР икІыхукІэ Урысейм и щІыналъэ псоми - Кърым ХьІыгу ныкъуэмрэ Севастополь къалэмрэ хэмыту - щагъэувынущ куэду зэтет унэхэр капитальнэу ремонт ящІын папщІэ ахъшэ пыухыкІа мазэ къэс ятыну. Ар дэни щыізэхуэдэкъым. Къапщтэмэ, Мэзкуу къалэ метр зэбгъуэзнатІэм сом 15 щыхуэзэнущ, Мурманск областым ар зэрыщыхъунур соми 2-щ. АрщхьэкІэ, нахьэпэІуэкІэ а хабзэр щагъэува щІыпІэхэм ЦІыхуэхэм я мыарэзыныгъэр щыкІэущ - абыхэм ахъшэр ятын ядэркъым. Я́зыныкъуэ урысей щІыналъэхэм къащыхуэхыр процент 20 ирикъурхьи. Хабзэгъэув зыбжанэм кІыізэралъытэмкІэ, Правительствэр а Іуэхум иджыри зэ кууэ хэплъэжын хуей хъунущ.

ЖКХ-р реформэ щІыным зыщІэгъэкъуэнымкІэ фондым кьитахэм ятепщІыхьмэ, унэ щІыбхэр зыхуей хуэгъэзэн папщІэ ахъшэр кІыізэрыхэкІыр къэралым хуабжьу щыізэщхьэщокІ. Къапщтэмэ, щыІэщ ар щыІьагъ. Псалъэм папщІэ Санкт-Петербург къалэм, Новосибирск, Кострома, Воронеж, Брянск областхэм, Тэтэрстан Республикэм ику иту процент 85-рэ къыщыхокІ. АрщхьэкІэ, къэралым и щІынальэхэм я нэхъыбэм процент 50-м щыфІэкІырыкъым. Апхуэдэхэщ Саратов, Архангельск, Новгород Ищхъэрэ областхэр, нэгъуэщІхэри. ЩыІэщ капремонтым папщІэ процент 20-м нэс кІыізыхамыхьфхэри. Къапщтэмэ, аращ уэщцрихьэлІэр Къэбэрдей-Балъкъэр, Дагъыстэн, Ингуш, Тува республикэхэм, Пермь крайм. Урысей Федерацэм и къалащхьэм ахъшэ ятыну щыхуагъэувэр бадзэуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэщ. Абы метр зэбгъуэзнатІэм куэд зэрыщыхуагъэзам гурыщхъуэ уегъэщІ Мэзкууи къыщыхахынур мащІэу.

Интернетым изщ капремонтым папщІэ къыхалъхьа ахъшэр умыт зэрыхъунум ехьэлІа чэнджещІэр. Юрист куэдым шэч къытрахьэ унэ щІыбыр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ абы щІыпІэхэм мыльку къызэрыпаубыдым хабзэ и лъхьакъуэкІэ лъабжьэ быдэ имыІэу. Къапщтэмэ, ар лъэныкъуэтІым я зэгурыІуэныгъэу щытыпхъэщ. ИкІи тІум языр къыхуагъэув мардэхэмкІэ мыарэзыімэ, а Іуэхум хэмыхьэну хуитщ. Езыхэр зэгурыміыІуэмэ, суд пащхьэм ихьапхэщ. Пэж дыдэуи, къыпхуащІэ Іэхуутхьэбзэм хуагъэув уасэмкІэ умыарэзымэ, сыт ар къыщІэпщтэнур?

- Ахъшэ лей зыми итыну хуейкъым зищІысыр ямыщІэ Іуэхутхьэбзэ зэгуэр къыхуащІэн папщІэ, - жеІэ Къалэ экономикэмкІэ институтым и директорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Генцлер Иринэ. - ЩІыпІэ властхэм капремонтым папщІэ къыхахыр здэкІуэнур цІыхухэм тэмэму щыгурагъэуІуа щІыпІэхэм ахъшэ нэхъыбэ щІэзэхуахьэс. Унэр зейхэм япхыгъэкІын хуейщ дпэкІэ зыми абыхэм я псэупІэхэр зэрызэрамыхьэнур езыхэм фІэкІа.

Шэч хэлъкъым, унэ щІыбыр, и кІэущІми хуэдэу, зыхуей хуэзэу зехьапхэщ. Нэхъапэм ар къэралым и пщэдэлъу щытащ. Иджы куэдым зихъуэжащ икІи псэупІэ унэхэр щІыхухэм я уней мыльку хъуащ. Абы кІэлъыплъынри езыхэращ. АрщхьэкІэ, сыт щыгъуи къагъэпщІэурэ къекІуэкІ щІыхубэр хуейкъым аргуэру утыку къынэну. Куэдым ящІэ, псом хуэмыдэу юристхэм, «Урысей Федерацэм псэупІэ фондыр приватизацэ щыщІыным и Іуэхукіэ» Законым и 16-нэ статьям зэгритір приватизацэ ящІа иужькІэ ятпэу иргъэкІуэкІ капитальнэ ремонтыр къэралым и пщэ къызэрыдэхуэр.

КъищынэмыщІауэ, фэтэрхэр зейхэр зэхуэсу унафэ ящІыну хуитщ щынальэ операторым и счётым унэ щІыбыр ремонт ящІын папщІэ къыхах ахъшэр зэрякІуэныр къызэтрагъэвыІэну. Счёт щхьэхуэ къызэІуахыу езыхэм мыльку абы папщІэ зэхуахьэсыну хабзэм Іэмал къарет.

- Счёт щхьэхур щІыхуэхэм нэхъ къагуроІуэ, - арэзы мэхъу Генцлер. - АрщхьэкІэ къэхъуфынущ зэхуахьэса ахъшэр ремонт щІыным щыхуримыкъу. Абы щыгъуэм кредит къащтэн хуей хъунущ, иужькІэ псомэ зэдапшынынур.

ЩІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм къару куэд трагъэкІуэдапхъэщ унэ зэтетхэм щыпсэуэхэм абы и щІыбыр зехьэнымкІэ мыльку хухахынкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ. Псом япэрауэ, щІыхуэхэр зыпэлъэщынуым хуэдизщ яхуэгъэувын хуейр. ЕтІуанэрауэ, кьыхэкІа мылькур зыгуэрхэм зэрызэрамылъэфэлІэжынум ткІийуэ кІэлъыплъынхъэщ. Ещанэрауэ, ЦІыхуэхэм пыухыкІауэ ящІэн хуейщ я унэр зыхуей щІыхуагъэзэну пІалъэр дапщэщми. А псом иужькІэщ Іуэхум фІы хурикІуэну ущыгугъ щІыхъунур.

Бжьыхьэ сессием зэрыщІидзэжу, депутатхэр Іуэунущ капремонтым хухахыну мылькур къыхэхыным ехьэлІа гугъуехьэм. Иджыри къэс къыхэкІа ахъшэмкІэ муниципалитетхэм нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэр ирыгэзэфІагъэкІаІэмэ, абыхэм прокуратурэр яужь ихьапхъэщ. Армырамэ, унэ щІыбхэр зыхуей хуэгъэзэным щІадзауэ щытын хуейщ, абы и фІагъыр цІыхухэм ирагъэлъагъуу.

Дапхуэдэу щытми, Правительствэр иджыри зэ хэмыплъэжу хъунукъым унэхэр капремонт щІыным щІыхухэм хухах мылькум ехьэлІа хабзэм. Абы щІыщІэныгъэ хуэд зэриІэр зэман кІэщІым кьигъэлъэгъуакІэщ.

ЗАБЕЛИНЭ Нинэ.
«Независимая газета»

Молдовэр Украинэм кІэлъыкІуэну пІэрэ?

● Іуэху еплъыкІэ

Европэм и Советым и генеральнэ секретарь Ягланд Турбьёрн къеІэлъэтэ иужьрей илъэсым Украинэм къыщыхъуахэм абы и гъунэгъу Молдовэм къыщытригъэзэжьыфыну.

«The New York Times» газетым къытригъэдза тхыгъэм Европэм и Советым и генеральнэ секретарь, Норвегием и премьер-министру щыта Ягланд Турбьёрн къыщыхигъэщащ зэрихьэзэрий инхэр Молдовэм къызэрыщытпэплъэр. Абы щхьэусыгуэ зыбжанэ иІэу къеІэлъэтэ. Къапщтэмэ, а къэралым и экономикэр лъэрымыхь дыдэ хуащ. Іулъхь тын-кьеІыхьыным зиубгъуауэ. КъищынэмыщІауэ, Приднестровьем щытыкІэр къыщызэхэплъэ зэпытщ икІи абы Кърымым и махуэр кьыхуэкІуэнкІэ шынагъуэщ.

Иджыпстукіэ Іэхуэхэр Іэпщэрыбанэм хуэкІуакъым, ауэ напІэзэпІэм абы нэсыфынущ. Ар къэмыхъун папщІэ икІащІыпІэкІэ лэжьыпхъэр мащІкъым.

Премьер-министрыр текІыпхъэщ

Іуэхур къызэщІэмыпІъэ щІыкІэ Молдовэм и правительствэр отставкэм кІуэмэ нэхъыфІу Ягланд кьеІэлъэтэ. Украинэм и дерсхэр абы сэбэп кьыхуэхъупхъэщ. «Къэралыгъуэм и кьарур зэлъытар хабзэхэр зэрыщагъэзащІэмрэ демократием и гъэгум зэрытетымрэщ, - жеІэ Европэм и Советым и генеральнэ секретарым. - Урысейм хабзэншагъэкІэ Кърымыр зэриубыдар, дауи, щхьэусыгуэ хуэхъуащ Украинэм щыщІэ щытыкІэр зауэм хуэкІуэным, ауэ зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым абы апэжкІэ цІыхухэр политикэ уиухэкІэмкІэ хуабжьу мыарэзыуэ зэрыщытар».

Доллар мелард мэкІуэд

Молдовэм и финанс системэм доллар мелард икІуэдыкІащ. А къэралыгъуэм и дежкІэ ар мылькушхущ икІи илъэсым кьалэжьым (ВВП) и процент 12,5-рэ мэхъу. ЩІыпІэ парламентым хэхьныгъэхэр щекІуэкІым апхуэдиз ахъшэ офшорым ягъэкІуащ икІи лъэужьыншэу бзэхащ. Къэралыр корупцэм зэрызэщищтам ар и щІыхьэт нэсщ.

Европэм и Советым и генеральнэ секретарь Ягланд Турбьёрн Молдовэм и унафощІэхэм чэнджэщ ярет банк Іэнатіэр икІэщІыпІэкІэ ягъэкъэбзэну икІи Іулъхьэ тын-кьеІыхьыным хэту гурыщхъуэ зыхуащІ къулыкъущІэ псори Іуагъэкіыну. Хабзэхъумэ Іэнатіэхэр абы кьыхуреджэ и къэралыгъуэм и банкхэм 2014 гъэм и щкІуэгъуэ (ноябрым) евро мелуан 929-рэ кредиту кьыщызыщІэу зызыгъэбзэхьажахэр кьагъуэтыну.

Молдовэм и прокуратурэм хуэфащэ хуитыныгъэ етауэ коррупцэм пыща Іуэхугъуэхэр зэхигъэкІыну пщэрылъ щыщІыпхъэщ кьелъытэ Ягланд. КъищынэмыщІауэ, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм Монополиер щыгъэкІуэдыпхъащ, пэжыр хэІущІыІу зыщІыну журналистхэм кьащхьэщыжьын хуейщ. Абы щІыхуэхэм властым хуаІэ дзыхьыр игъэбыдэнущ.

Кишинёв и Іэтащхьэр и къулыкъум кьытонэ

Къэралым щыщІэ щытыкІэм и гугъу ищІкІэрэ Европэм и Советым и генеральнэ секретарь Ягланд Турбьёрн ягу кьеГэкІыж 1991 гъэм щегъэжьауэ Урысейм хуиІэ щытыкІэр гъэбыдэнымрэ Европэм гъунэгъу зыхуищІынымрэ я зэхуакум Молдовэр зэриубыдэ. 2009 гъэм властым зихьуэжа иужькІэ ар европей рынокым хашащ икІи и экономикэм зиужьын, зэхъуэкІынигъэ кІуэкІр ирагъэкІуэкІын щІадзащ, виз ямыІэу щІыхуэкІр Евроскоизым хьыхь къэралгъуэхэм кІуэну хуит хъуащ. Арщхьэкіэ Молдовэр олигархэм быдэу яІэщІэлъщ, Іулъхьэ тын-кьеІыхьыным кІуэ пэтми зеубгъу, экономикэм и лъабжьэр щІилъэсыкІыу. ГъащІэ нэхъыфІ, лэжьапІэ кьалъхьэуэу щІыху куэд къэралым ёокІ. Абыхэм зэгуэр кьагъэзэжьну я мурадкъым.

Европэм щыІэ Іуэху зехьэкІэхэм и телъхьэ, ахэр пхьызыгъэкІ Кишинёв и мэрым иужьрей хэхыныгъэхэм япкъ иткІэ и кьулыкъур кьыхуэнащ. Приднестровьер Урысейм и лъабжьэм щІэузэну хущІокъу. Апхуэдэ щытыкІэм гуву-щІэхами зыкъыигъэщІэуэ икІи Европэр зэрыщыту бэлыхь хидзэфынущ.

РАЙБМАН Наталье.
«Ведомости»

● Улахуэ

Ректорхэр матхъэ

Хабзэм къегъэув, адрей кьулыкъущІэхэми хуэдэу, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэм я хэхъуэхэр кьытрадзэну. Аращи, ар щхъуу щытыжкъым икІи хьэлэмэтщ.

КЪЭРАЛЫМ и ректор нэхъ кьулейхэм ялъэщІыхьэнымкІ Кавказ Ищхъэрэм щІыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэр куэд хуейщ. Къапщтэмэ, Санкт-Петербург и «Горный» НМСУ-м и Іэтащхьэм 2014 гъэм и закъуэ сом мелуан 80,4-рэ кьилэжьащ. Арщхьэкіэ дыдейхэри жьыжьуи кьулейсызкъым. «АиФ-СК»-м зэригъэпщащ Кавказ Ищхъэрэм и вузхэм я ректорхэм я улахуэмрэ абыхэм щезыгъаджэхэм кьаэхъуэмрэ зыуэдизыр.

КИФЩІ псом нэхърэ нэхъыбэ кьыщІалэжь илъэсищ ипэкІэ кьызэрагъэпэща Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым, Ставрополь къэрал мэкъумэш университетым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым я унафощІхэм. Илъэс блэкІам Левитская Алинэ (СКФУ) - сом мелуани 4-рэ мин 317-рэ, Трухачёв Владимир (СтГАУ) - сом мелуани 3-рэ мин 242-рэ, Къарэмырзэ Барэсбий (КъБКъУ) сом мелуани 3-рэ мини 148-рэ кьаэхъуащ. Адрей еджапІэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэм я улахуэр сом мелуани 3-м нагъэсыфакъым, ауэ нэхъыбэр сом мелуани 2-м ебэкъуащ. Нэхъ мащІэ дыдэ зыІэрыхьар Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым и унафэщІ Апажэ Ахьмэдщ - сом мин 881-рэ.

Вузхэм я егъэджакІуэхэм я лэжьапщІэр нэхъ лъагэ дыдэу кьыщыщІэкІащ Шэшэн къэрал педагогикэ институтым. Ику иту абы мазэм сом мин 41,85-рэ кьыщахь. Абы кьыкІэлъокІуэ СКФУ-р – сом мин 37,74-рэ. СтГАУ-м щылажьэхэм я улахуэр ещанэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакІуэхэм ику иту кьалэжьыр сом мин 23,97-рэщ.

Мы бжьыгъэхэр официальнэу кьагъэлъэгъуаехэращ. Абыхэм Іуэхум и щытыкІэр нэсу кьыпхуэзІуамыхьнкІэ хъунущ. Езы егъэджакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, федеральнэ университетым и профессорым кьилэжьыр сом мин 20-щ, доцент кьызэрыгуэкІым кьыхьыр сом мин 15-м щІигъуркъым - абыхэм иджыри налогхэр хэмыкІауэ.

ТИМЧЕНКЭ Маринэ.
«Аргументы и факты на Северном Кавказе»

Унэхэр зыхуей хуэгъэзэным ціыхухэм ахъшэ щіатын ядэркъым

● ЖКХ

Правительствэр хэплъэжын хуей хъуну къыщІэкІынущ унэ щІыбхэр зыхуей хуэгъэзэн папщІэ ціыхухэм къыхах ахъшэр зэрызыІэригъэхьэну щыкІэм.

2015 ГЪЭР икІыхукІэ Урысейм и щІыналъэ псоми - Кърым ХьІыгу ныкъуэмрэ Севастополь къалэмрэ хэмыту - щагъэувынущ куэду зэтет унэхэр капитальнэу ремонт ящІын папщІэ ахъшэ пыухыкІа мазэ къэс ятыну. Ар дэни щыізэхуэдэкъым. Къапщтэмэ, Мэзкуу къалэ метр зэбгъуэзнатІэм сом 15 щыхуэзэнущ, Мурманск областым ар зэрыщыхъунур соми 2-щ. АрщхьэкІэ, нахьэпэІуэкІэ а хабзэр щагъэува щІыпІэхэм ЦІыхуэхэм я мыарэзыныгъэр щыкІэущ - абыхэм ахъшэр ятын ядэркъым. Я́зыныкъуэ урысей щІыналъэхэм къащыхуэхыр процент 20 ирикъурхьи. Хабзэгъэув зыбжанэм кІыізэралъытэмкІэ, Правительствэр а Іуэхум иджыри зэ кууэ хэплъэжын хуей хъунущ.

ЖКХ-р реформэ щІыным зыщІэгъэкъуэнымкІэ фондым кьитахэм ятепщІыхьмэ, унэ щІыбхэр зыхуей хуэгъэзэн папщІэ ахъшэр кІыізэрыхэкІыр къэралым хуабжьу щыізэщхьэщокІ. Къапщтэмэ, щыІэщ ар щыІьагъ. Псалъэм папщІэ Санкт-Петербург къалэм, Новосибирск, Кострома, Воронеж, Брянск областхэм, Тэтэрстан Республикэм ику иту процент 85-рэ кьыщыхокІ. АрщхьэкІэ, къэралым и щІынальэхэм я нэхъыбэм процент 50-м щыфІэкІырыкъым. Апхуэдэхэщ Саратов, Архангельск, Новгород Ищхъэрэ областхэр, нэгъуэщІхэри. ЩыІэщ капремонтым папщІэ процент 20-м нэс кІыізыхамыхьфхэри. Къапщтэмэ, аращ уэщцрихьэлІэр Къэбэрдей-Балъкъэр, Дагъыстэн, Ингуш, Тува республикэхэм, Пермь крайм. Урысей Федерацэм и къалащхьэм ахъшэ ятыну щыхуагъэувэр бадзэуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэщ. Абы метр зэбгъуэзнатІэм куэд зэрыщыхуагъэзам гурыщхъуэ уегъэщІ Мэзкууи къыщыхахынур мащІэу.

Интернетым изщ капремонтым папщІэ къыхалъхьа ахъшэр умыт зэрыхъунум ехьэлІа чэнджещІэр. Юрист куэдым шэч къытрахьэ унэ щІыбыр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ абы щІыпІэхэм мыльку къызэрыпаубыдым хабзэ и лъхьакъуэкІэ лъабжьэ быдэ имыІэу. Къапщтэмэ, ар лъэныкъуэтІым я зэгурыІуэныгъэу щытыпхъэщ. ИкІи тІум языр къыхуагъэув мардэхэмкІэ мыарэзыімэ, а Іуэхум хэмыхьэну хуитщ. Езыхэр зэгурыміыІуэмэ, суд пащхьэм ихьапхэщ. Пэж дыдэуи, къыпхуащІэ Іэхуутхьэбзэм хуагъэув уасэмкІэ умыарэзымэ, сыт ар къыщІэпщтэнур?

- Ахъшэ лей зыми итыну хуейкъым зищІысыр ямыщІэ Іуэхутхьэбзэ зэгуэр къыхуащІэн папщІэ, - жеІэ Къалэ экономикэмкІэ институтым и директорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Генцлер Иринэ. - ЩІыпІэ властхэм капремонтым папщІэ къыхахыр здэкІуэнур цІыхухэм тэмэму щыгурагъэуІуа щІыпІэхэм ахъшэ нэхъыбэ щІэзэхуахьэс. Унэр зейхэм япхыгъэкІын хуейщ дпэкІэ зыми абыхэм я псэупІэхэр зэрызэрамыхьэнур езыхэм фІэкІа.

Шэч хэлъкъым, унэ щІыбыр, и кІэущІми хуэдэу, зыхуей хуэзэу зехьапхэщ. Нэхъапэм ар къэралым и пщэдэлъу щытащ. Иджы куэдым зихъуэжащ икІи псэупІэ унэхэр щІыхухэм я уней мыльку хъуащ. Абы кІэлъыплъынри езыхэращ. АрщхьэкІэ, сыт щыгъуи кьагъэпщІэурэ кьекІуэкІ щІыхубэр хуейкъым аргуэру утыку къынэну. Куэдым ящІэ, псом хуэмыдэу юристхэм, «Урысей Федерацэм псэупІэ фондыр приватизацэ щыщІыным и Іуэхукіэ» Законым и 16-нэ статьям зэгритір приватизацэ ящІа иужькІэ ятпэу иргъэкІуэкІ капитальнэ ремонтыр къэралым и пщэ къызэрыдэхуэр.

КъищынэмыщІауэ, фэтэрхэр зейхэр зэхуэсу унафэ ящІыну хуитщ щынальэ операторым и счётым унэ щІыбыр ремонт ящІын папщІэ къыхах ахъшэр зэрякІуэныр къызэтрагъэвыІэну. Счёт щхьэхуэ къызэІуахыу езыхэм мыльку абы папщІэ зэхуахьэсыну хабзэм Іэмал къарет.

- Счёт щхьэхур щІыхуэхэм нэхъ къагуроІуэ, - арэзы мэхъу Генцлер. - АрщхьэкІэ къэхъуфынущ зэхуахьэса ахъшэр ремонт щІыным щыхуримыкъу. Абы щыгъуэм кредит къащтэн хуей хъунущ, иужькІэ псомэ зэдапшынынур.

ЩІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм къару куэд трагъэкІуэдапхъэщ унэ зэтетхэм щыпсэуэхэм абы и щІыбыр зехьэнымкІэ мыльку хухахынкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ. Псом япэрауэ, щІыхуэхэр зыпэлъэщынуым хуэдизщ яхуэгъэувын хуейр. ЕтІуанэрауэ, кьыхэкІа мылькур зыгуэрхэм зэрызэрамылъэфэлІэжынум ткІийуэ кІэлъыплъынхъэщ. Ещанэрауэ, цІыхуэхэм пыухыкІауэ ящІэн хуейщ я унэр зыхуей щІыхуагъэзэну пІалъэр дапщэщми. А псом иужькІэщ Іуэхум фІы хурикІуэну ущыгугъ щІыхъунур.

Бжьыхьэ сессием зэрыщІидзэжу, депутатхэр Іуэунущ капремонтым хухахыну мылькур къыхэхыным ехьэлІа гугъуехьэм. Иджыри къэс къыхэкІа ахъшэмкІэ муниципалитетхэм нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэр ирыгэзэфІагъэкІаІэмэ, абыхэм прокуратурэр яужь ихьапхъэщ. Армырамэ, унэ щІыбхэр зыхуей хуэгъэзэным щІадзауэ щытын хуейщ, абы и фІагъыр цІыхухэм ирагъэлъагъуу.

Дапхуэдэу щытми, Правительствэр иджыри зэ хэмыплъэжу хъунукъым унэхэр капремонт щІыным щІыхухэм хухах мылькум ехьэлІа хабзэм. Абы щІыщІэныгъэ хуэд зэриІэр зэман кІэщІым кьигъэлъэгъуакІэщ.

ЗАБЕЛИНЭ Нинэ.
«Независимая газета»

Молдовэр Украинэм кІэлъыкІуэну пІэрэ?

● Іуэху еплъыкІэ

Европэм и Советым и генеральнэ секретарь Ягланд Турбьёрн къеІэлъэтэ иужьрей илъэсым Украинэм къыщыхъуахэм абы и гъунэгъу Молдовэм къыщытригъэзэжьыфыну.

«The New York Times» газетым къытригъэдза тхыгъэм Европэм и Советым и генеральнэ секретарь, Норвегием и премьер-министру щыта Ягланд Турбьёрн къыщыхигъэщащ зэрихьэзэрий инхэр Молдовэм къызэрыщытпэплъэр. Абы щхьэусыгуэ зыбжанэ иІэу къеІэлъэтэ. Къапщтэмэ, а къэралым и экономикэр лъэрымыхь дыдэ хуащ. Іулъхь тын-кьеІыхьыным зиубгъуауэ. КъищынэмыщІауэ, Приднестровьем щытыкІэр къыщызэхэплъэ зэпытщ икІи абы Кърымым и махуэр кьыхуэкІуэнкІэ шынагъуэщ.

Иджпстукіэ Іэхуэхэр Іэпщэрыбанэм хуэкІуакъым, ауэ напІэзэпІэм абы нэсыфынущ. Ар къэмыхъун папщІэ икІащІыпІэкІэ лэжьыпхъэр мащІкъым.

Премьер-министрыр текІыпхъэщ

Іуэхур къызэщІэмыпІъэ щІыкІэ Молдовэм и правительствэр отставкэм кІуэмэ нэхъыфІу Ягланд кьеІэлъэтэ. Украинэм и дерсхэр абы сэбэп кьыхуэхъупхъэщ. «Къэралыгъуэм и кьарур зэлъытар хабзэхэр зэрыщагъэзащІэмрэ демократием и гъэгум зэрытетымрэщ, - жеІэ Европэм и Советым и генеральнэ секретарым. - Урысейм хабзэншагъэкІэ Кърымыр зэриубыдар, дауи, щхьэусыгуэ хуэхъуащ Украинэм щыщІэ щытыкІэр зауэм хуэкІуэным, ауэ зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым абы апэжкІэ цІыхухэр политикэ уиухэкІэмкІэ хуабжьу мыарэзыуэ зэрыщытар».

Доллар мелард мэкІуэд

Молдовэм и финанс системэм доллар мелард икІуэдыкІащ. А къэралыгъуэм и дежкІэ ар мылькушхущ икІи илъэсым кьалэжьым (ВВП) и процент 12,5-рэ мэхъу. ЩІыпІэ парламентым хэхьныгъэхэр щекІуэкІым апхуэдиз ахъшэ офшорым ягъэкІуащ икІи лъэужьыншэу бзэхащ. Къэралыр корупцэм зэрызэщищтам ар и щІыхьэт нэсщ.

Европэм и Советым и генеральнэ секретарь Ягланд Турбьёрн Молдовэм и унафощІхэм чэнджэщ ярет банк Іэнатіэр икІэщІыпІэкІэ ягъэкъэбзэну икІи Іулъхьэ тын-кьеІыхьыным хэту гурыщхъуэ зыхуащІ къулыкъущІэ псори Іуагъэкіыну. Хабзэхъумэ Іэнатіэхэр абы кьыхуреджэ и къэралыгъуэм и банкхэм 2014 гъэм и щкІуэгъуэ (ноябрым) евро мелуан 929-рэ кредиту кьыщызыщІэу зызыгъэбзэхьажахэр кьагъуэтыну.

Молдовэм и прокуратурэм хуэфащэ хуитныгъэ етауэ коррупцэм пыща Іуэхугъуэхэр зэхигъэкІыну пщэрылъ щыщІыпхъэщ кьелъытэ Ягланд. КъищынэмыщІауэ, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм Монополиер щыгъэкІуэдыпхъащ, пэжыр хэІущІыІу зыщІыну журналистхэм кьащхьэщыжьын хуейщ. Абы щІыхуэхэм властым хуаІэ дзыхьыр игъэбыдэнущ.

Кишинёв и Іэтащхьэр и къулыкъум кьытонэ

Къэралым щыщІэ щытыкІэм и гугъу ищІкІэрэ Европэм и Советым и генеральнэ секретарь Ягланд Турбьёрн ягу кьеГэкІыж 1991 гъэм щегъэжьауэ Урысейм хуиІэ щытыкІэр гъэбыдэнымрэ Европэм гъунэгъу зыхуищІынымрэ я зэхуакум Молдовэр зэриубыдэ. 2009 гъэм властым зихьуэжа иужькІэ ар европей рынокым хашащ икІи и экономикэм зиужьын, зэхъуэкІынигъэ кІуэкІр ирагъэкІуэкІын щІадзащ, виз ямыІэу щІыхуэкІр Евроскоизым хьыхь къэралгъуэхэм кІуэну хуит хъуащ. Арщхьэкіэ Молдовэр олигархэм быдэу яІэщІэлъщ, Іулъхьэ тын-кьеІыхьыным кІуэ пэтми зеубгъу, экономикэм и лъабжьэр щІилъэсыкІыу. ГъащІэ нэхъыфІ, лэжьапІэ кьалъхьэуэу щІыху куэд къэралым ёокІ. Абыхэм зэгуэр кьагъэзэжьну я мурадкъым.

Европэм щыІэ Іуэху зехьэкІэхэм и телъхьэ, ахэр пхьызыгъэкІ Кишинёв и мэрым иужькІэ хэхыныгъэхэм япкъ иткІэ и кьулыкъур кьыхуэнащ. Приднестровьер Урысейм и лъабжьэм щІэузэну хущІокъу. Апхуэдэ щытыкІэм гуву-щІэхами зыкъыигъэщІэуэ икІи Европэр зэрыщыту бэлыхь хидзэфынущ.

РАЙБМАН Наталье.
«Ведомости»

● Егъэджэныгъэ

70 гъэхэм еплъытмэ

Совет Союзым и лъэхъэнэм ди къэралым и экономикэм иІэ ехъулІэныгъэхэр Ябп дунейпсо зауэр къэхъеиным илъэ ита 1913 гъэм щрагъапщэу щытащ. Иджы ди щытыкІэр блэкІа лІэщІыгъуэм и 70 гъэхэм иралъыт.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъунщи, егъэпщэныгъэхэм гур хагъэхъуэркъым. Къэтщтэнщ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іуэхур. XX лІэщІыгъуэм и бльщІ гъэхэм СССР-м союз республикэу хьыхь Урысей Федерацэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапІэу 457-рэ щыІащ. Абыхэм щеджащ студент мелуани 2,6-рэ.

Иджыпсту Урысей Федерацэм къэралым и мылъкукІэ лажьэ еджапІэ нэхъыщхьэу 593-рэ уней мылъкукІэ къызэрагъэпэща вуз 486-рэ щыІэщ. Абыхэм зэгуэсу къызэщІаубыдэ студент мелуани 7-м щІиГъу.

Мы гъэм абитуриент мин 650-м нэблагъэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэну хущІэкъуащ, профтехучилищэкІэ ягъэ дызэджэу щыта колледжхэм хуэдитІкІэ нэхъ мащІэ кІуащ. Бюджет тІысыпІэу еджапІэ нэхъыщхьэхэм мин 398-рэ щыхухахащ, техникумхэмрэ колледжхэмрэ хуэдитІкІэ нэхъыбэ мин 705-рэ.

Апхуэдэу щыт пэтми Къэрал Экзамен Зэгуэтхэм (ЕГЭ) кьащІахьа баллхэм ябгъ иткІэ вузхэм щІэмытІысхьэфахэм я мылъку щІату еджапІэ нэхъыщІэхэм щеджэныр нэхъ къыхах, работэ Іэщ Іагъэхэр зыІэрагъэхьэ нэхърэ.

Ди экономикэр ипэжыпІэкІэ зыхуейр щІэныгъэ нэхъыщхьэ ззэзыгъэгъуэтахэм я процент 21-ращ (Іыхьэ тхуанэ). Абы кьыхэкІыу вузхэр кьэзыухахэм я нэхъыбэр нэгъуэщІ Іэщ Іагъэхэм пэрыувэн е Іэнатіэнэщу кьэнэн хуей мэхъу. Къапщтэмэ, Мэзкуу щылажьэ рабочэхэм я процент 40-м щІэныгъэ нэхъыщхьэ яІэщ. Ахэр къэралым зэрыригъэджа мылъкур псыхьКІуэдэ хъуауэ ираращ, хуэфащэн Іэнатіэ щамыгъэтыжакІэ.

Къэралым и щІыпІэ псоми Іуэхур зэрыщыщытыр апхуэдэущ. И чэзуэткъэ нэхъыбэм зыри кьызэрымыкІ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэгъэгъуэтыным кьыпхьакІуэ ГъащІэм сэбэп кьащхьэхуэхьуну Іэщ Іагъэхэр щІэблэм егъэгъуэтыным егупсысыну?

ЕФИМОВ Андрей.
«Комсомольская правда»

Дапщэщ сомыр щІыдагъэм щитхьэлэнур?

● Кризис

Урысейм и экономикэм къыхуагъэлъэгъуа Іуэхугъуэ нэхъ Іей дыдэхэр ди нэгу щІокІ.

ДОЛЛАРЫМ и уасэр тумэниблым, еврэм - тумэнийм щІи-гъуащ. Апхуэдэу нэхъапэм къыщыхъуар кьэбгубзыгъэжьи хъунущ, ауэ нэхъ захуэр 2014 - 2015 гъэхэр щызэблэкІым дызыхэхуа гурыбеиГъуэм щытыкІэр зэрыхуэкІуар кьыбгурыІуэнырщ. Абыкіи зэфІэкІынукъым.

Рынокыр бжьыгъэ кьудейкъым, ар психологие куущ, адэкІэ кьэхъуну зыхуигъафащэм зыхуигъэхьэзыру. Абы урысей сомми, ди экономикэм зэрыщытуи фІы льэпкъ кьыхуигъэльагъуэркъым.

Псоми нобэ я лъабжьэр щІыдагъэращ. Апхуэдэу щытащ дыгъуасэ, вэсэмахуи, илъэси 10, 20, 30 ипэкІи. Къэралыгъуэхэм ящхьэщыту зызыбжьж Урысейм и дежкІэ ар напэтехущ. Адрейхэм шынагъуэ кьаполлъэ, сыту жьпІэмэ, ди Іуэхухэр щыІейкІэ, кьуаншэр аэращ.

ШыщхьэупчІ и 17-м, дефолт кьэхъуу сомыр хуабжьу щехуэха махуэр илъэс 17 щрикъум, УФ-м экономикэ зыужьынныгъэмкІэ и министр Улюкаев Алексей дигъэгуфІащ щІыдагъэм и уасэр адэкІэ фІэкІыпІэ имыІэу лъахъшэу зэрехуэхамкІэ. А махуэм зы баррелым доллар 48-49-рэ кьыщІэкІыт. Улюкаевым дигу кьигъэкІыжащ «дыщэ фІыщІэм» и уасэр доллар 50 (аращ Экономикэ зыужьынныгъэмкІэ министерствэм тегъэщІапІэ ищІар) щыхъуи и деж зы доллар сом 60-61-рэ кьызэрыщІэкІынур. А махуэ дыдэм доллар сом 65,31-м, еврэр сом 72,44-м хуэкІуащ. Иджы абыхэми щхьэщыкІыжащ.

Махуэ зыбгъупщІым хъриубыдэу министрым и псалъэхэм зыри ямымыхьэнэж хъуащ. ЩІыдагъэм и уасэр сомым кьыщІэкІым нэхърэ нэхъ псынщІэжу йохуэх. Апхуэдэу куэдрэ екІуэкІну? ХъуманІэ банкым Макроэкономикэ къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыныкІэ и центрым кьызэрилъытэмкІэ, илъэсым и кІэухым сомым и уасэр нэхъ пуд

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакІуэ (XII лІэщІыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лІыхъужь

Ззэыдзэкіар БЕР Хьабалэщ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 146, 149, 153, 155, 158, 159-160,164-хэм итщ).

Яуфэфэчуаэ тенджыз Іуфэр, чэруанакІуэхэр дэтщ лъэгум, Гуэзвэгъуэ гуэр зэрАІэр къоцІэ, уиплъэмэ я нэгум, Автандили, ищІу щхьэщэ, йоупщІ ахэм, кьиту щыгум: «Фыхэт, дэнэ фыкъыздикІыр? ЧэруанакІуэу фытет гъуэгум?»

Нэхъыжьыфіу, акъылыфІэу чэруанакІуэм хэтт Усам. И кьалэнти, хабзэм тету, пидзыжащ абы сэлам. «ПхудощІ пщІэшхуэ цІыху гъэбжьыфІэу, дыгъэ нуру къытхуепсам, УхэтщІынщ щыгъуазэ, къехи, гуэвэгъуэу къытлъысам».

Автандил къагъэсри жаІэ: «Дэ Багдад дыщыщщ. Ар щІыкъым. Мухьэммэд и диным дитщ дэ, шагъыр ефэми дащыщкъым. Ди хъэпшыпхэр зымыщэхуу тенджыз Іуфэм зы цІыху Іускъым, ТщІыркъым дэ сату тІэкІуфэкІуу, мылъкуу диІэми щІэ щІэткъым.

Хым дытетурэ дыздэкІуэм, долъагъу лІы гуэр псыхъуэм дэлъу, Сэбэп дохъури зыкъеущІэжьыр, - къоІущащэ, хьэзаб телъу. «Ухэт, дэнэ укъыздикІыр?» - дыщеупщІым гуапагъ хэлъу, «Сэ зырц,- жеІэ, - къелар псэууэ си гъусахэм, лІау мыгъуэлъу.

Зы гуп дыхъуу Мысыр щІыпІэм дэ дыкъикІырт, хым дытету, ДыкІуэрт, кхъухьхэм изу фІыгъуэр, гузэвэгъуи дыхэмыту, Хы хъунщІакІуэхэр къыттоуэ, къаІэщІыхьэм кІэ ирату. СщІэркъым сэ зыр, самыукІыу, сакъыэрелар, псэ спыту».

А хъыбарыр щызэхэтхым, дыкъищІащ абы Іэнкун: Догъэзэжри, ди фейдэкъым, хьэпшып хъушэр дгъэкІуэдын? Хым дытохьэри - кІуэдыпІэщ, дэ къытхэткъым зэуэфын, Мис аращ дэ дынэцхъейуэ дыщІыщытыр, зиусхьэн».

АІыхъум жеІэ: «Іэмалыншэу зы Іуэхэгъуи зэ къэхъуакъым, Ауэ Тхьэм ар иухамэ, абы зыри пхуещІэфынкъым. Сэ къызощтэ фи мыгъуагъэр, лІыгъэ зиІэр къикІуэтынкъым, Лей зэрихьэу хым хэт тетми, мы си джатэм ІэщІэкІынкъым.

КъогуфІэжыр сатуущІхэр, нэжэгужэ хъуау къажьхь: «Абы, дэр нэхъей, хъунщІакІуэм, зэпыІуидау къымыкІухь. Ар тхуэхъуатэмэ дэ гъуэз, дыхэхуэнтэкъым бэлыхь!» - ЖаІэу кхъухьхэм зрагащэ, лІыхъужь хахуэм хуащІу щІыхь.

Іуэхум куэдрэ емылІаІэу, тохьэ ахэр хыщхуэм хуиту. Автандил яхэсщ гуфІэжу, - ар есащ зэуапІэм Іуту. Пльэм къалъагъу хъунщІакІуэ гупым я нып фІыцІэм зыкъиІэту, Мамыр дыдэу хым тет кхъухьхэм къапоув гъуэгу ирамыту.

Я накъырэхэр ягъаджэу кьобгъэрыкІуэ бий нэпсейр, СатуущІхэм ар щалъагъум, гугъэр хахри кьогужьей. «Фымыштэ, маржэ! - жиІэу, Автандил губжьау мэкІий. - Е сылІэнщ зэ лІэгъуэу нобэ, е лъысынщ ажалыр бийм!

Кьыззэжами зы дзэ хъушэ, и мылІэгъуэу сэ сылІэнкъым, Ауэ, Тхьэм ар иухамэ, зы удынми сыкъелынкъым. Абдеж кьуэши е къещани зы сэбэп къыпхуэхъуфынкъым. Ар и фІэщу игу изылъхьэр, гузэвами, къэдзыхэнкъым.

Фыкъэрабгъэщ сондэджэрхэр, дауи, фщІэркъым фэ зэуэкІэ, Фхъумэж фи щхьэр, шабзэ къадзым фыпэуви шабзэІудзкІэ. Сэ фэзгъэлъагъунщ абыхэм саІуцІауэ лІыхъужьагъкІэ, Яхэслъхьэнци бэлыхьлажьэр, яхуэзлэнщ я кхъухьхэр лъпскІэ».

ЗрекъуэкІри Іэщэфащэр, тетщ кхъухь кІапэм гугъэзагъэу, ЩІэгъэкъуэну иІэн папщІэ, гъущІ токъмакъри кьегъэІэгъуэ, ЛІыхъужьагъыу абы хэлъар шыфэлІыфэм кьегъэлъагъуэ, Хьэзырщ, бийр Іуигъэплъэжыну асыхьэтым и нэ вагъуэм.

Я кІий макъым тенджызышхуэр кьигъэпсалъэу бийр къосылІэ, ЧэруанакІуэхэм я кхъухьхэм пэкІэ кьеуэу къатогуплІэ, Автандили тетщ лъагапІэм, къурш бгы задэ лІыхъужьыплІэу, Зэпигъэщхъуу кьадз пкІэлъейхэр, лъэмыж папщІэу бийр зэлІаІлэр.

МэІэпщакІуэ щхьэмыгъазэу Автандил, лъагапІэм тету, Я Іуэху икІэ щхьэм, щІадзэ бий хъунщІакІуэхэм икІуэту, Къпоув абыхэм хахуэр, икІуэтыпІэ яримыту, Кьыхуилъар мэгъуэлъыр хьэдэу, гуІэ макъым гъыбзэр щІэту.

КъахуегъакІуэ лъапсэрыхьр, уафэм щІэуэу хьэдэ Іуащхьэр, Зым зыр щхьэкІэ ирегулІри, хы толъхъуным хеутЫпщхьэ, Хэти мэпщыр хьэлъакъуиплІу, зыдихьын имыщІэу и щхьэр, Зыкъригушлъаму джатэм, хъуар уІэгъэ лІам кІэщІопщхьэ.

Яхилъхьауэ хьэкІэлъыкІэр, бий хъунщІакІуэр лъэгущІыхь ещІ, Яхуегъэгъур псэууэ кьелхэм, хъуам уІэгъэ гущІэгъу хуещІ, Кьеэзуахэм зызыгъэлІу, кьапщэпщыхьу щхьэщэ ящІ, ЖаІат пэжу: «Кьыпщышынэм, хуей-хуэмейми, пщІэ къыпхуещІ».

«ЛІыгъэ сиІэщ!» - жиІэу, цІыхур щымытхъужмэ кхъыфщІ и щхьэм, МащІэщ тхэлъыр дэ къарууэ, ЛІыхьталэм къытхимылъхьэм. Егъэсыф мэзышхуэр хъуаскІэм, зыхуей хуэззу пхэкъум хыхьэм, ТекІуэфынущ баш кьудейкІэ хэти цІыхур, Тхьэр къыгухьэм.

Автандил и бийм я кхъухьхэм фІыгъуэ Іэджи къыщетІэщІ, Зэхуешэсыр сатуущІхэр - зы сатыр я кхъухьхэр ещІ, Къэхъужащ Усам нэщхъыфІэ, Автандил гъунэгъу зыхуещІ, Йохъуэхъу гуапэу лІыхъужь хахуэм, щытхъуу щыІэр тыгъэ хуещІ.

Автандил яІэт, ягъафІэ, сатуущІхэр зэхуэсауэ. Ауэ лІыгъэр щІохъукІ фагъуэ, и бжьыфІагъым хэкІуэсауэ. ЖаІэр зы жьэу: «ДегъэбжьыфІэ, уи дыгъэпсыр къыттепсауэ, ТхуэІуэтэжьыркъым тлъэгъуахэр, уи хэхуагъэм гъэр дищІауэ».

Ба хуащІ и Іэхэм, и напэм, ІэплІэ щабэри щІыгъужу, ЯгъэщІагъуэ и бжьыфІагъыр, дыгъэр ара къащыхъужу. Нэхъ Іущ дыдэри кьегъанэ и акъылыр фІызэблэжу, ЖаІэ: «Ем дыІэщІэпхащи, уилъынщ ди гум уимыхужу!»

Автандил къопсалъэ: «ФІыщІэр зыхуэфащэр икІи зейр Уафэгу щхьэчитІэр зи хэщІапІэу зезыгъакІуэрщ щІы хъурейр. Арщ мыхъумыщІэр хъуа-щІа зыщІыр, аращ гуапэм и уэлийр, Ар ищІапхъэщ акъыл зиІэм, щыгъупщэн зэрыхуэмейр.

ЦІыху тхьэмыщкІэу дапщэу пІэрэ тхьэ ІэмыркІэ ем кьелар? Сыт слъэкІынт сэ си щхьэ закъуэ, сщІымыгъуатэм гъуэсу ар? Згъэнащ я псэр фи жагъуэщІхэм, фхуэсщІащ арти схулъэкІар, Илъщ мо кхъухьм Іэджэ фІыгъуэ, тхурехъу хьэлэ дыдей хъуар».

АпхуэдэлІыр зауэ гуащІэм щытекІуамэ, гуапэІейщ. Зыхэт гупым хожаныкІыр,- щытхъуу щыІэр абы ейщ. Щытхъур инми - ар мыпагэ, цІыху нэмысым хуэкъулейщ, Арэзыщ уІэгъэ хъуами, - ар сыт щыгъуи дахэкІейщ.

Бий хъунщІакІуэхэм я кхъухьыр чэруанакІуэхэм къапщытэ, ХъугъуэфІыгъуэм и куэдагъыр, кІэ имыІэурэ, кьалъытэ. Кьрах фІыгъуэу кхъухьым илъри, езым яйхэм иракІутэ. ЕмылІаІлэу куэдрэ, кхъухьыр, кьаунэщІри зэхакъутэ.

Автандил къопсалъэ: «Къуэшхэ! Иджы фэ ивогъэлей: Сэ фхуэсщІар зы мащІэщ нобэ, АлыхьталэрщэфІыщІэр зейр. Гузэвэгъуэм гу щылъитэм, ЕщІихащ бэлыхьым кейр. Си шым фІэкІ сыхуейкъым зыри, - зэранщ сэркІэ хьэпшып лейр.

ХъугъуэфІыгъуэм сыщІэхъуэпсу и лъыхъуакІуэ сыкъежьакъым. Сыкъемыжьэуи щызгъуэтырт си унагъуэм ар. ПцІы хэлъкъым. Фызигъусэщи согуфІэ, - абы нэхъ мылъкуфІ сыхуейкъым, Нэгъуэщ Іуэхущ сэ зиужь зесхуэр, - хьэпшып Іуэхум ар епхакъым.

Нобэ фІыгъуэу къытхэхъуахэр фи зэхуэдэу фыфейщ псоми. ФщызбзыщІынукъым сэ зыри: къафщтэ, фызот, хэт сыт хуейми. Сэ фхузиІэщ зы лъэІу закъуэ, - ауэ ар жефІэнкъым зыми: ДынэсхукІэ дыздэкІуэнум, щрет щэхуу сэ сыхэтми.

Хъунщ си гуапэ ар къыслхуэфщІэм, ІуэхутхьэбзэфІуи ар слъытэнщ, Сэру жьфІэ фи нэхъыжьыр, ар зымыщІэм и фІэщ хъунщ. Фэщхьыркъабзэу зыслхуэпэнщи, сату сщІыу сыфхэтынщ, Ныбжьэгъуегъэм и щыхьэту щэхур щэхуу дяку дэлъынщ».

Автандил ищІа унафэ сатуущІхэм къызэращІэу, «Дуригъусэщ псори!» - жаІэ, фІыщІэу хуащІыр яфІэмащІэу. «Ди гум илыт ардыдэр дэри, кьызэредгъэжьэн дымыщІэу, ЗыхуэтщІапхъэр хэт Іуэхутхьэбзэ, дыгъэ кьепсым ар хуэдмыщІэу?»

�чэруанакІуэхэм къабгьнэр лей, бзаджэгъэ щалэжь щІыпІэр, ИкІи гуапэу кьахуоупсэ Тарос - уэфІым и кьежьапІэр, Автандил пщІэ хуащІ, яІэтыр, лъагъэсауэ нэхъыжьыпІэр, Тыгъэ хуащІ, яфІэкъабылу, хъугъуэфІыгъуэм я нэхъ лъапІэр.

XLII
Автандил Гуланшарэ зэрынэсар

Автандил икІуащ гъуэгуанэр, хы уфафэм екІуу тету, Кьелъагъу, пльэмэ, аддэ жьжьэу, тенджыз Іуфэм къалэ Іуту. Хэтщ жыг хадэм зэщІэлыдэу ар, нэм плъапІэ къримыту, И дахагъыр а лъынальм схуэІуэтэнкъым псалъэ згъуэту.

Ахэр нэсри, кхъухьтедзапІэм кхъухьхэр быдэу трапхащ, СатуущІхэм ещхыркъабзэу Автандил зыкъихуэпащ. И унафэм щІэту кхъухьхэр зи кьалэнхэм кьаунэщІащ, Я нэхъыжьхи catyущІхэм, сату щІын зэхиублащ.

Тэлай докІри, catyущІхэм кьабгъэдохьэ хэгъэрей. ЛІы зэкІужьм ар щыІуплъэм, дихьэхауэ худоплъей. Автандил абы йоупщІыр: «Фысыт лъэпкъ фэ, хэт фызейр? Щыпащтыхьри хэт мы хэкум, игьэбжьыфІэу фи дунейр?

Сыхуэпщ1амэ хъунт нэІуасэ мы фи щІыпІэм щекІуэкІ хабзэм. Сыт щыпуд, е сыт щылъапІэ фи деж? - ЖьІэт, ущыгъуаэзм». Жэуап кьетыр: «Уэ сэ сльагъур уохьэуохуэ дыгъэм, мазэм, СщІэуэ хъуар бжесІэнщ си гуапэу, уи фІэщ сыхъумэ напэху къабзэм.

Ди къэралым и инагъыр мазипщІ гъуэгукІэ пкІуф къудейщ. Гуланшарэщ и кьалащхьэр, ар хъуэпсэгъуэщ, дахэкІейщ. Хэти хуитщ сату щищІыну, кьытхуеблагъэри куэд Іейщ. Ди пащтыхьщ Малик Сархавэ, - насыпыфІэщ, хуэкъулейщ.

Хъуауэ жьы кІихьам ди лъахэм, щІалэ хъужау егъэззэж, ГурыфІыгъуэм и пшынальэр щызэпыуркъым ди деж, ЩІигъэнащ щхъуантІагъэм ди щІыр, роэз зэи щымыгъуж, Хэт къэкІуами хамэщІ къикІыу, кьызэкІуар жэнэту ебж.

CatyущІым зыщ игу илъыр: ар хущІокъур фейдэ кьабзэм: Кьещэху пуду, ещэж лъапІэу, сату щІыкІэм ар хуэІэззэм. Кьихьар ди щІым къулейсызу, кьулей мэхъужьыф зы мазэм, Кьещэхуфыр зы илъэсым хьэпшып куэди, тІэкІу зигъазэм.

Ейщ Усен мы жыг хадэшхуэр, хузезыхьэр сэращ хадэр ИкІи арщ ди catyущІхэм, сондэджэрхэм я тхьэмадэр. Сэри сощІэ сыщыгъуазэу щекІуэкІ хабзэри зыхуэдэр: Ептьын хуейщ кьэпша хьэпшыпым ящ щІыкІэ езы дыдэр.

CatyущІхэр кьызэрысу, абы ІуощІэ, пщІэшхуи хуащІ, Я хьэпшыпхэми хагъапльэ, Усен зыри щамыбзыщІ. ФІыгъуэу яІэми хагъадэ, кхъэхъукым гулъытэнщэ щащІ, Мис абы ихужьклэ хуиту, ахъшэфІ къатхъуу сату ящІ.

Ди деж куэдрэ щагъэхьэщІэ мис уэ пхуэдэ хьэщІэ лъапІэ. И хьэщІэщхэр хуит яхуещІри, ярет тыншу увыІэпІэ. Ауэ къэтщ Усен ежьауэ, - ар щыІатэм, хъунт и гуапэ. Аращ хьэщІэу дэ къытхуэкІуэм хэгъэрейуэ ІущІэр япэ.

Сурэтыр **Зичи Михай** *ищІащ.*

Ауэ щыІэщ Фатмэ гуащэр, и щхьэгъусэу фыз гъэфІар, Ари хьэщІэкІэ гумащІэщ, егъэлъапІэ кхьхуэкІуар. КьызэрищІэу хъэщІэ иІэу, къэсынщ гуфІэу уи деж ар, АтІэ сэри, зызмыІэжьэу, езгъэщІэнщ абы хъыбар.

Автандил абы жреІэ: «КІуэ! КърекІуэ зыгуэр псынщІэу!» ЩІопхъуэ хадэгъэкІри, мажэ, и лъакъуитІыр кьызэфІэщІэу. Фатмэ деж нэсауэ жеІэ: «КьытхуэкІуащ зыгуэр дэ хьэщІэу Дыгъэ нуру зэщІэлыдэу, и бжьыфІагъыр къыпхуэмыщІэу.

Сэ къысфІощІыр къэкІуа хьэщІэр сатуущІхэм я тхьэмадэу. ФэкІи, теплъэкІи, хьэл-щэнкІи кьигъэщІащ зэкІужу, уардэу. КьыщІех нурыр и нэгуитІым зи изыгъуэ мазэм хуэдэу, ЩІэупщІащ хьэпшып зэращэм», - жеІэж псори тэмэм дыдэу.

Кьрагъэблэгъэну хьэщІэр Фатмэ пщылІхэр игъэкІуащ. СатуущІхэм я хьэпшыпхэр зыщІалъхьэн хьэзыр ящІащ. Автандили кьеджа гуащэм и деж кІуапхъэу кьилъытащ, Кьаплъэныгурэ асльэн кІуэкІэу Фатмэ деж иунэтІащ.

МыщІалэжми Фатмэ ныбжькІэ, абы иІэщ теплъэ дэгъуэ, И дахагъкІи, и Іэпкъльэпкъкіи хуэпщІыфынукъым зы дагъуэ. ФІэфІщ уэрэди, кьафи, джэгуи, гуп хэсыни имыжагъуэ, ИкІи тІэкІу зэрыфэрыщІыр зыхуэпэкІэм кьегъэлъагъуэ.

Кьэса хьэщІэхэр щилъагъум, Фатмэ кьапежьащ абыхэм. Кьыхигъэщу зэригуапэр, ярихащ сэлам кьэкІуахэм. ЩІашэ хьэщІэхэр хьэщІэщым, ягъэлъапІэ хэрэзрейэм, ЕгуэкІуащ, хэпщІыкІыу, Фатмэ игъэхьэщІэ щІалэ дахэм.

Зэхеублэ ефэ-ешхэ гуащэм, хьэщІэр игъэфІэну, ХуещІ лІыхъужьми абы тыгъэ, щыслэм яфІэгъэщІэгъуэну. Гуащэм и гум хидза хъуаскІэр гъаблэт, ди Тхьэ, гум кьинэну... Автандил ешати, гупым хокІыж, тІэкІу зигъэпсэхуну.

Нэху зыдэщым и хьэпшыпхэм Фатмэ гуащэр ирегъэплъ. Абы щыщу зыхуеинур кхьхех, щхьэхуэу егъэтІылъ. ЯжреІэ сатуущІхэм: «Къафщтэ мыхэр, щывмыгъэлъ! Фыфейщ псори, сатум щІэвдзэ! Сэ си щэхури фигу ивгъэлъ!»

СатуущІ щыгъынкІэ лІыхъум зыкъехуапэ, докІ, кьекІухь. Фатмэ гуащэмрэ абырэ зэкІэлъокІуэ, зэхуащІ щІыхь. Зэбгъэдэсщ а тІур уэршэру куэдрэ, Іэджэм топсэлъыхь, Фатмэ, хьэщІэм егуэкІуащи, лъагъуныгъэ гуащІэм ехь.

XLIII
Фатмэ Автандил зэрехъуэпсар

Нэхъ ппІэІэщІэ щІыт цІыхубзыр, гугъуу щытми ар блэжьыну. Гум пфІихьэнщи хъунщ уи тепщэ, кІуапІи жапІи уимыІэжу. Теткым куэд дунейм бзылъхъугъэ, лъагъуныгъэр хуэгъэпэжу, Щэху цІыхубзым уэзыІуатэр, зэи кьэнэнкъым щІемыгъуэжу.

ИмыщІэххэу, Фатмэ гуащэр, лъагъуныгъэм итхьэкъащ. Автандил ар зэрыІупльэу, зимыщІэжу хьэщыкъ хъуащ. ИбзыщІынут ар лъэКІатэм, ауэ щэхур кьытекІуащ. «Сыт иджы сщІэжьынур?» - жиІэу, гупсысапІэм ар хэхуащ.

Сытегушхуэрэ хуэсІуатэм, абы сыт къысхужиІэн? Зызущэхурэ щызбзыщІмэ, сызыс мафІэм сыкъелын? Е, ирехъу зэрыхъуу, жесІэм, си губамПІэр тІэкІу тІысынщ. ЙомыгъащІэм уи узыфэр, Іэзэм сыт къыхуищІэфынт?»

XLIV
Фатмэ Автандил лъагъуныгъэ тхыгъэ хурегъэхь

Фатмэ гуащэм и гум щыщІэр Автандил деж етх, тІысауэ. И гур жабзэу зэрыхэщІыр, АІым хуеІуатэ тегушхуауэ. ИмыгъэпІейтейу кьэнэнкъым абы кьеджэр, дихьэхауэ, Гур нэхъуейуэ зыщІэхъуэпсыр ихъумам нэхъыфІт, гъэпщкІуауэ.

«Си нэху закъуэ! Ди тхьэу Тхьэшхуэм дыгъэу уэ укърегъэпсыр, Арагъэнущ, узмылъагъуми, щІыхуэшэчыр си гум нэпсыр. УслъагъухукІэ мафІэ лыгъэр, кьысщІэнау тІэкІу-тІэкІуу сесыр, ХущІокъу куэд уи лъагъунытІэм, куэдми я гур кьыпщІохъуэпсыр.

Хьэщыкъ дыдэ мэхъу къыпІуплъэр, - уэр фІэкІ плъапІэ ямыІэж, Роэз гуакІуэм, кьуалэбзухэр, къопщІэкІаІуэ загъэфІэж. Уи бжьыфІагъым ещІри фагъуэ, гъэгъа роэзр мэхуэдэж, Сумыгъэсу мафІэ лыгъэм, къэсыт псынщІэуэ си деж.

Сигу птхьэкъуар кьикІэзызыкІыу ныпхуэотх мыр Тхьэр щыгъуазэу. Сыт-тІэ сщІэнур? СиІыкІынущ, дэкІмэ махуэ сыпхуэмызэу, Уэ уи нэгум кьыщІих нурым зыхисащ мы си гум шабзэу, КъакІуэт, куэдрэ зумыІэжьэу, лейуэ сызумыгъэбзэу.

Сыпэплъэнущ сыщІэхъуэпсу, и жэуапым сэ мы тхыгъэм, Ар схуэхъуныпхъэ, е техуэнуми си гугъэм. Сыт хуэдизкІэ гур хэмыщІми, сехъуэпсэнукъым лІэныгъэм, ГъащІэ ІэфІми, ажал Іейми хэлъщ я Іыхьэ лъагъуныгъэм».

Негъэс Фатмэ зэхилъхьари, зыхуитхам деж ирегъэхьыр. Автандили абы йоджэ, шыпхъум пищІу кьезыгъэхьыр. ЖеІэ: «ИщІэркъым а слъагъум псэм фІэІэфІу сигу ирихьыр. Зебж абыи хьэщыкъ хъуауэ! Сыт зыхуейр ар? Гугъуи щІехьыр?

СыткІэ хуей удэ дахэ вындыр? ЗыкІи зэщхькъым а тІур фэкІэ, Къуалэбзур ІущІакъым роэзм, зыхуиГъазэуэ сэламкІэ. НаджэІуджэри мэхъуапсэ, дауи, псэ абы щыІуткІэ, Ауэ сыт Фатмэ зэрихьэр? КъыщІысхуэвэр тхыгъэ пудкІэ?»

Псалъэ дыджхэр ирипэсу, Фатмэ гуащэр егъэикІэ, ИкІэм жеІэ: «Іумпэм сщІымэ, кьысхуэхъунщ зэран иужькІэ. Си щыпэм дэслъхьэ, пщащэ нэхум и лъакъуэу сыщежьакІэ, Сэбэп хъуну кьэзгъэнэнкъым зыри, Іуэхум кІэ иІэхукІэ.

Кхъухь тедзапІэр абы щейкІэ, а цІыхубзым куэд зэхех, КъакІуэу хъуам ар йопсэлъыІэ, хъыбар Іэджи кьапкърех. ЗыхуэсщІынщ абы нэхъ Іэсэ, кьыфІэзгъэщІу сыдихьэх, Кьыхуэхъуфрэ сэбэп Іуэхум, хузиІэнкъым Іыхьэхьэх.

ФІыуэ цІыхубзым уилъагъум, и гум илъыр кьеунэщІ, Ауэ хамэу ббгъэдэкІыжмэ, бзаджэу щыІэр къыпхуетІэщІ. Акъылэгъу къыпхуэхъумэ, ищІэр, пщимыбзыщІу, сэтей къещІ, ХуэсщІэнщ жиІэр. Ар си Іуэхум хуэкІуэ гуэрэгъэ я нэхъ кІэщІщ».

ЖеІэ: «Псори тэмэм хъунущ, ди Тхьэм щыхъумэ ар гунэс, Ауэ сфІэфыр сэ симыІэ, сиІэм - си гур щІэмыхъуэпс. Зэхэлъщ куэду мы ди гъащІэр: зэм уэшх къошх, зэм дыгъэ къопс, ИкІуэтынукъым, бгъэщІейми, фалъэм итым щІигъуу ткІуэпс».

XLV
Автандил Фатмэ тхыгъэ хурегъэхь

Абы хуетх: «Седжащ уи тхыгъэм,ебгъалейуи укъысщотхъу, СыбгъэщІащи хъыбар гуапэр, щІидзау си гур махэ сфІохъу. Дыпегъажьэ дигухэм жаІэм, - хъункъымахэр дэ дгъэщІэхъу, Лъагъуныгъэу дэ тІум дякум дэлъар нэхъри ІэфІ ирехъу».

Ар къыщищІэм Фатмэ, ди Тхьэ, кьыпхуэщІэнкъым кьигуфІар! Хуетхыж: «КъакІуэ, си псэ закъуэ, кьысфІэчэнущ сигу кьэплъар. Сыппэплъэнущ уэ ныжэбэ, кьакІуэ, куэдщ дэ тІум тшэчар, Хуит тщІыпэщи лъагъуныгъэр, итфынщ ІэфІу кьыщІэнар».

ФІимыгъэкІыу хуащІа пІалъэм, Автандил и гъуэгу техьащ, КІыфІым хэту ар зыдэкІуэм, хъыбарзехьэр къыІущІащ: «Ар хьэзыркъым уэ ныщхьэбэ къыпІущІэну, Іуэху кхъэущ». «Хьэуэ!» - жиІэри, губжьауэ, зыдежьамкІэ иунэтІащ.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

«Нанэ» и лъагъуэмкІэ

Щоджэнцыкіу Алий, езыр щІалэщІэу, мэжэщІалІэу Босфор псыдэжым и Іуфэм Іуту къигъэщІауэ щытащ «Нанэ» усэр. А усэм хьеджам къыгурымыІэнкІэ Іэмал иІэкъым абы Истамбыл (нэхъапэм Константинополь) щишэчар.

ЗЕКІУЭ дыззрежьа проектыр Іыхьэ куэду зэхэтщ, къызыбгъэдэкІыр тырку къэралыгъуэрац. Хамэ къэралхэм щыпсэу, щеджэ студентхэр нэхъ зэпэгъунэгъу, зэблагъэ щІын, зэрыгъэцІыхун, щІалэгъуалэр нэхъ бэшэч - зым и псэм адрейр техуэу къэгъэтэджын, псори зэрыщІыхур, псоми мы дунейр мамыру щытын папщІэ жэуап гуэр зэрахьыр зыхрагъэщІэныр, дахагъэм гу лърагъэтэныр и кьалэнхэм хьихьт мы Іуэхум. Дэ мы программэм дыхэзыгъэхуар абыкІэ щыІэ ди ныбжьэгъуфІэхрац - адыгэ ящэмэ нэхъ кьащтац. Тыркым лъэпкъ куэд дыдэ щызэхэсщ, ауэ диаспорэ нэхъ инир адыгэхэрац. Арац къыхэкІари дэ абы дыкІуэныр. Ди лъэныкьуэкІэ абы тегъэщІапІэ хуэхъуащ гъэ дыззэрытым Щоджэнцыкіу Алий къызэралъхурэ ильэси 115-рэ зэрырикъур, усакІуэшхуэм и лирикэ тхыгъэ нэхъ льащІэр Тырким зэрыщитхар, са Алий усакІуэ щыхъуэ щыпІэр езгъэдж студентхэм язгъэлъагъуну куэд щІауэ си нэ къызэрикІыр. А усэр зэритх блэкІа ильэсищэм Тырким зэрызиужьар язгъэлъагъуну сыхуейт Алий и творчествэм щыгъуазэ сщІахэр.

Гуп къызэбгъэпэщу епшэжьэныр егъэлеяуэ гугъэщ, Іуэхушхуэщ. Дэтхэнэми гуп хэтыкІэ ищІэн, гуп хабзэр иІыгъын хуейщ. Сытым кьыжэкІми, нобэ ди щІалэгъуалэм хабзэ-нэмысыр яІэщІоху, я фэм куэд дагъэхуэфыркъым. Сэ сыхуейт абыхэм гъэгъум щ1ахуэхьым сеплъыну. Апхуэдизрэ Щоджэнцыкіум сыщытепсэльыхькІэ, кьыхахьфам сыкІэлъыплъыжынут. Алий хуэдэкІэ лъэпкъыр иджыри гугъэ хъуну, хьэмэрэ абдежым щыхуэхуэ пІэрэ? Абы ещхь дыдэ мыхъуэхэми, лъэпкъкІэ, кьупщьэкІэ узыщыгугъын яхэту пІэрэ мы нобэрей щІалэгъуалэм, Щоджэнцыкіу Алий ишэчам хуэдэ дыдэ мыхъуами, абы игъэвам щыщу зы Іыхьэ гуэр ягъэвыфыну ди щІалэгъуалэм? Мис а гупсысэхэрщ гъуэгум дытезыгъэувар. Ямыльэгъуа къэралыгъэшхуэм ямыльэгъуэмэ, ямыщІыху унагуэхэм яхьыкьэмэ зэрызащІым сеплъыну, кьалъагъуфынум, кьыхахьфынум сыкІэлъыплъыну сыхуейт. Щ1алэгъуалэр гъэсэн, куэдрэ яхэтын, ешэжьэн, фІы ягъэлъагъун, гуапэ захегъэхьн хуейщ. Иджыпсту школхэми, вузхэми еджэныгъэм гъэсэныгъэр хахыпащ. Ар икьуКІэ щыуагъэшхуэщ. Едгъаджэхэм я адэ-анэхэми я1эщІокІ гъэсэныгъэм теухуауэ щыуагъэ ядэ.

Хабзэшхуэ кьыкІэлъызэрахьащ етшэжьаэхэр зи хьэщІа адыгэ унагъэхэм, дыздэкІуа къэралыгъуэм и уэлийхэм. Тырким Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и цІэкІэ автобусышхуэ тхьэмахуитІкІэ и гъуэгум хуиту тригъэтащ. Сэ сыхуейт щІалэгъуалэм а псом гу льезгъэтэныу, абы кьурикІуари къэтпщытэжынущ.

ПроектымкІэ егъэблагъэмрэ гъуэгупщІэмрэ Тырким кьыбгъэдэкІащ. Гупыр зыщыпсэунымрэ я шхыныжьмрэ къалэ дыздэкІуэнухэм зэфІагъэкІынут, ахэр зэфІыхьэным зы тхьэмахуэкІэ иджыри дежьэн хуейт... Ауэ дежьакъым... Щоджэнцыкіу Алий и цІэкІэ укъежьэу ІитІэльитІэ дыдэу ещхькІыхьынырт тІэкІу ещхьтэкъым Іэхум. Алий Тырким гугъу дыдэ щехьаэу щытащ, ауэ ар усакІуэшхуэ хьун абы щхьэкІэ къэнакьым. Іуэхур студентхэм ятеухуати, студентхэр зыщІэлъ пэшхэр гупым кьратащ, Щоджэнцыкіу Алий «Нанэ» усэр щитха щІыпІэри ираГъэльэгъуащ. ДыщІежьа Алий хуэфащэтэкъым уриКъуху ужейуэ, ушхэу, зыбгъэпсКІыу укъэкІуэжьныр. Ди лъэпкъэгъуэр куэд дыдэу щыпсэу къэралым щыІэ псоуКІэр лъэныкъуэ куэдкІэ зэгъэльэгъуным теухуауэ мыр ятеу проекту зэхагъэувац.

Іуэхур кьыдэхуІпэн папщІэ зи гуащІэрэ жэрдэмрэ хэзылъхьа дэтхэнэми Алыхьым и фІыгъуэхэр кьыбгъэдилъхьэ. Ди лъэпкъэгъуэ дызыкъэзэхэми, езы Тырким и кІульыкъуІэхэми фІыщІэ ин яхузощІ кьытхуащІа пщІэм папщІэ. Куэдрэ дызэкъуэзэну, дызэрыльэтэну, ди щІыпІэ дахэхэри абыхэм ялъагъуну Тхьэм жиІэ!

БАКЪ Зерэ,
КъБКъУ-м и профессор.
Анкара - Истамбыл - Налшык.

Егъэджакіуэ гуащІафІэ

● Дэ къытхуатх

Гъэ еджэгуэущІэм щІедзэж. Зы егъэджакІуи щыІэу къыщІэкІынкъым а махуэм гуэр псэкІэ пэмыплъэу. Сыту жыпІэмэ, абыхэм адэ-анэм я Іэмыщ1э къралъхьа дэтхэнэ зы сабийри я бын дыдэм хуэдэу ялъагъу. Ахэр гуфІэмэ ядогуфІэ, щынэщхьеймэ я гукъыдэжыр къызэрАІэтыным хэтщ. Апхуэдэ егъэджакІуэ гунэсхэм ящыщ зыщ нобэрей си тхыгъэр зытеухуари.

КЪЭРМОКЪУЭ Маринэ Нарткъалэ дэт курыт еджапІэ №2-м математикэмкІэ зэрыщигъаджэрэ илъэс куэд хьуащ. А зэманым кьурийбыдэу абы гъащІэ гъуэгу тэмэм тригъэувахэм фІыкІэ ягу кьагъэкІыж и зы псалъэ гуапэри, и дерс щхьэпэхэри, и чэнджэщ дахэхэри. Абыхэм, уеблэмэ, кьахэкІащ Маринэ яригъэльэгъуа щапхъэ дахэм тету егъэджакІуэ Іэщ1агъэр кьыхэзыхьажахэри. Абыхэм ящыщ Безыр Динэ, Жангураз Мадинэ, егъэджэныгъэмкІэ Департаментым и лэжьакІуэ Тэхъу Ислъам сымэ.

Иригъаджэ сабийхэм фІыуэ кьалъагъуу, адэ-анэхэми пщІэрэ щыхьэрэ кьыхущІу си Іэнатіэ мытынышэ къезыхьэлІэ Къэрмокъуэ Маринэ и лэжьыгъэфІым кьыпэкІуэу куэдрэ кьыхуагъэфэщащ республикэми щІынальэми я щІыхь тхьылъэмрэ дамыгъэ лъапІэхэмрэ. Апхуэдэу ар яхэтащ 2011 гъэм «Си бзэ - си псэ, си дуней», «Адыгэбзэкіэ есэпыр щІалэгъуалэм ябгъэдэлъхьа зэрыхъуну Іэмалхэр», 2011 гъэм екІуэкІа «Класс унафэщІ нэхъыфІ» республикэпсо зэхьэзэхуэхэм бжьыпэр щызыубыдахэм. Апхуэдэу «Урысей зэкъуэт» партым и щІыхь тхьылъэ зратахэми яІыщІащ.

Жэуапльныгъэ ин хэлъу зи Іэщ1агъэм бгъэдэт Къэрмокъуэ Маринэ Зеикъуэ къыщалъхуащ. Хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ адыгэ унагъуэ кьызэрыхэкІар сыткІи игъэпэжу къэпсэу егъэджакІуэ гуащІафІэм гъащІэм щигъуэта ехъулІэныгъэ псори си фІыгъэу кьиІыгъэр зи жьыІэм сыт щыгъуи щІэта и адэ-анэрщ. Ахэращ гъуазэ нэсу нобэми иІэр.

Гъэ еджэгуэущІэм щІедзэж. Ди республикэм и адрей егъэджакІуэхэми хуэдэу, Къэрмокъуэ Марини и кьалэн мытынышэм щІэрыщІэу пэрыхьэжнущ. Нэгъабэ абы кьыщІигъэкІа 11 «в» классым и пІэм кьиувэнущ нэгъуэщІхэр. Псэемыблэжу зи лэжьыгъэр кьезыхьэлІэ егъэджакІуэм дохъуэхъу, узынщагъэ быдэ иІэну, и зэфІэкІыфІхэмкІэ и лэжьэгъуэхэри и унагъуэри куэдрэ игъэгуфІэну.

МЭРЕМКЪУЛ Лиуан.
Нарткъалэ

● Шыщхьэуіум и 27-р Урысей киномэ и махуэщ

Гъэсэныгъэм и Іэмал

Шыщхьэуіум и 27-м Киномэ и махуэр Урысейм щагъэлъапІэ (СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм 1980 гъэм жэпуэгуэм и 1-м кьыдигъэкІа унафэ № 3018-Х-м тету).

А МАХУЭШХУЭМ и тхыдэ дахэр ди къэралым щыщІедзэ 1917 гъэм къэхъуа Октябрь революцэм и ужьКІэ. 1919 гъэм щыщхьэуІум и 27-м къэралым киномэ зыщІрагъэужьыным и Іуэхукі Э ЦІыхубэ комиссархэм я Советым и Декретыр кьыдэжІауэ щытащ. Абы щегъэжьауэ суэт, кинематографиемрэ промышленностымрэ сатумрэ Луначарский Анатолэ зи унафэщІ ЦІыхубэ комиссариатым и нэІэм щІэт хъуащ. А махуэр Совет киномэ и махуэщхуэу яГъэуващ, иужькІэ Урысей киномэ и махуэ хъуащ.

Киномэ и зэхэуфлакІуэу къалъытэ Люмьер зэкъуэщхэр. Абыхэм я ятэ киносеансыр 1895 гъэм Париж и Капуцинок бульварым щекІуэкІащ. Урысейм ятэ фильмыр 1908 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м щагъэлъэгъуащ. Ар режиссёр Ромашков Владимир Разин Степан теухуа «Из-за острова на стержень» цІыхубэ уэрэдым кьытрищІыкІа «Понизовая вольница» фильмырц. Ар зэрекІуэкІыр дакьикьитху кьудейт. Совет, дунейпсо кинематографхэм я дыщэ фондым хагъэхьа ятэ художественнэ фильмхэм ящыщ «Броненосец Потёмкин» фильмыр. 1926 гъэм кьыдэкІа а фильм цІэрыІуэр Эйзенштейн Сергей и лэжьыгъэщ. 1934 гъэм трахауэ щытащ куэдым фІыуэ ялъэгъуа «Чапаев» фильмыр. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым Москва ятэуэ щекІуэкІа дунейпсо кинофестивалым а фильмым ятэ саугъэтэгъ кьыщыхуагъэфэщащ. Абы къандэрэ киномэ Урысейм зыщиужьащ, и пльыфэри зэмылІэужьыгъуэ хъуащ. ЦІыхухэм я гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкІэ кинофильмхэм мыхьэнэшхуэ ирату щытащ. Я жанркІэ фильмхэр зэщхьэщокІ: щІэныгъэ, документальнэ, публицистическэ, художественнэ.

Иужьрей илъэсхэм дуней псом кинофестиваль зыбжанэ щекІуэкІ хъуащ: «Оскар», Москва и дунейпсо кинофестиваль, Канны щІыпІэм къыщыдэгъуэгурыкІуэ «Золотая пальмовая ветвь», Венециемрэ и дунейпсо кинофестиваль, «Берлинале», нэгъуэщІхэри. Урысейм и киномэ теухуа зэхуэсышхуэхэр, фестиваль гъэщІэгъуэнхэр щекІуэкІ.

Адыгэм и мащІэкъым зэрыгушхуэ, зи цІэ жьыжьэ Іуа артист гъуэгуанэхэр. Апхуэдэхэщ КІуэкІуэ Тамарэ, Черинэ (Шэмырзэ) Людмилэ, Шорай Туркъан, Іэхъуэджакіуэ Лие, Жэман Іэминэ, нэгъуэщІхэри. А бзылъхугъэхэм я джэгукІэр, я лэжьыгъэхэм я фІагъыр кьалъытащ, щІыхьыщІэхэр кьыфІащащ, саугъэтэхэр мызэ-мытІэу кьыхуагъэфэщащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

И Іыхьлыхэм Іэрагъэхьэж

Урысей МВД-м и кьудамэу Тэрч районым щыІэм зыхуигъэзащ зи Іыхьлыр кІуэда цІыхубзым.

Илъэс 55-рэ зи ныбжь цІыхухъур Мэзкъу областым щыІэ гидроэлектростанцым ухуакІуэу щылажьэрт. Мы гъэм и бадзэуэгъуэм тэрчдэсыр лэжьапІэм икІыжри, кІуэдащ.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым, Тэрч районымкІэ ОМВД-м и лэжьакІуэхэм кІуэда цІыхухъум и хэщІапІэр яубзыхуащ икІи ар и Іыхьлыхэм Іэрагъэхьэжащ.

ТІури зы махуэм яубыдащ

Урысей МВД-м и и «Прохладнэ» кьудамэм и лэжьакІуэхэм зы жэщмахуэм яубыдащ республикэм щыщу къалъыхъуэ цІыхуитІ.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым, полицейхэм яубзыхуащ наркотикхэкІэр зэгъэкІуэныкІыным пыща щІэпхъаджагъэ илэжьауэ шэч хуащу къалъыхъуэ илъэс 32-рэ зи ныбжь прохладнэдэсыр.

ЦІыхухъур яубыдащ икІи къэлъыхъуэныгъэр зи жэрдэм Урысей МВД-м и кьудамэу Пятигорск къалэм щыІэм ирагащ.

А махуэ дыдэм кьудамэм и лэжьакІуэхэм яубыдащ гъэпцІагъэ щІэпхъаджагъэ илэжьауэ шэч хуащу къалъыхъуэ илъэс 26-рэ зи ныбжь налшыкдэсыр.

Тэрчдэсым зеумысыж

Урысей МВД-м и кьудамэу Тэрч районым щыІэм зыхуигъэзащ Курп Ипщэ щыпсэу цІыхухъум. Абы зэрыжиІамкІэ, «Курп Ипщэ - Тэрч» автомобиль гъэзгум я зэхуакум кьыщыдэхъуэ зэныкъуэкъум кьыхэкІыу имыцІыху цІыхухър ІэштымкІэ и нэкІум кьеуэри, зигъэбзэныжащ.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым, кьудамэм и полицейхэм шэч зыхуащІыр яубыдащ. Ар илъэс 30 зи ныбжь тэрчдэсыр щІ. Абы илэжьакІэ зиумысыжащ.

Дыгъуакіуэхэр яубыд

Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыІэм и лэжьакІуэхэм автомашинэ тхьэщІыпІэм щыды-гъуахэр сэтей кьащІащ.

Мы гъэм и мэлыжьыхьым Налшык къалэ Кировым и уэрамым тет автомашинэ тхьэщІыпІэм щыІэу, имыцІыхуитІым, ягъэшынэри, щІыпІэм щыпсэуэм ахъшэрэ жып телефонрэ кьытрахащ икІи сом мин 34-рэ хэщІыныгъэу ираташ. Абы теухуа уголовнэ Іуэху кьэІэтащ.

Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыІэм и лэжьакІуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым шэч зыхуащІ дыгъуакІуэхэр яубыдащ. Ахэр илъэс 29-рэ, илъэс 19 зи ныбжь дыгулыбгъуейдэсхэрщ, нэхъыщІэр нэхъапэми уголовнэ жэуапым ирашэлІауэ щытащ.

Іуэхур зэхэтэкІ.

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур щыщхьэуІум и 29-рщ.

«Спартак-Налшыкыр» бжьыпэм къыщонэж

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым ехьаныж дыдэу ящІэ. «Алания»-р 2:1-уэ Владикавказ щефІэкІащ Новочеркасск и **МИТОС-м. «Тэрч-2»-р «Астрахань»-м** и деж щыІэу **3:1**-уэ текІуащ.

Турнир таблицэм иужь дыдэ увыпІэм екІуэтэхыжащ Дон Іус Ростов кІуаеу щыпІэ **СКА-м 1:4-уэ** къыхихьэзэхэзэхуэм ятэ текІуэныгъэхэр къыщахьащ ди гъунэгъу осетинхэмрэ шэшэнхэмрэ. **«Алания»-р 2:1-уэ** Владикавказ щефІэкІащ Новочеркасск и **МИТОС-м. «Тэрч-2»-р «Астрахань»-м** и деж щыІэу **3:1**-уэ текІуащ.

Турнир таблицэм иужь дыдэ увыпІэм екІуэтэхыжащ Дон Іус Ростов кІуаеу щыпІэ **СКА-м 1:4-уэ** къыхихьэщІа Мейкъуапэ и **«Дружба»-р**.

ЕтІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр фокІадэм и 1-м щызэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» къригъэблагъэнущ Нэзрэн и «Ангушт»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Спартак-Налшык»	6	5	1	0	10-1	16
2. «ІэфІыпс»	6	5	0	1	9-2	15
3. «Краснодар-2»	6	3	2	1	11-5	11
4. «Черноморец»	6	3	2	1	9-4	11
5. «Мэшыкъуэ-КМВ»	6	3	1	2	8-6	10
6. СКА	6	3	0	3	8-7	9
7. «Астрахань»	6	2	1	3	6-11	7
8. «Ангушт»	6	2	1	3	6-6	7
9. «Биолог-Новокубанск»	6	2	1	3	5-9	7
10.«Алания»	6	1	3	2	3-6	6
11. «Тэрч-2»	6	1	2	3	5-7	5
12.«Динамо-Ставрополь»	6	1	2	3	7-8	5
13.МИТОС	6	1	2	3	7-8	5
14.«Дружба»	6	1	0	5	6-17	3

Фокіадэм екІуэкІыну зэІущІэхэр

Урысей Федерацэм и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп

Ебланэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 1
(гъубж)
«ІэфІыпс» (ІэфІыпс) - «Алания» (Владикавказ)
«Тэрч-2» (Грозный) - «Краснодар-2» (Краснодар)
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Астрахань» (Астрахань)
«Дружба» (Мейкъуапэ) - «Биолог-НовокуБанск» (Прогресс)
«Черноморец» (Новороссийск) - СКА (Дон Іус Ростов)

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ангушт» (Нэзрэн)
- «МИТОС» (Новочеркасск) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь)

Ебланэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 7
(бльщхьэ)
«Биолог-Новокубанск» - «Черноморец»
«Астрахань» - «Дружба»
«Краснодар-2» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«ІэфІыпс» - «Тэрч-2»
«Ангушт» - МИТОС

СКА - «Спартак-Налшык»
«Алания» - «Динамо-Ставрополь»

ЕбГъуэнэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 14
(бльщхьэ)
«Тэрч-2» - «Алания»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «ІэфІыпс»
«Дружба» - «Краснодар-2»
«Черноморец» - «Астрахань»

«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск»
МИТОС - СКА
«Динамо-Ставрополь» - «Ангушт»

ЕпщІанэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 21
(бльщхьэ)
«Биолог-Новокубанск» - МИТОС

«Астрахань» - «Спартак-Налшык»
«Краснодар-2» - «Черноморец»
«ІэфІыпс» - «Алания»
«Тэрч-2» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
СКА - «Динамо-Ставрополь»
«Аланиэ» - «Ангушт»

ФокІадэм и 23, 24
(бэрэжьей, махуэку)

Урысей Федерацэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ. Финалым и 1/16-нэ Іыхьэ

ЕпщыкІуэанэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 28
(бльщхьэ)
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Алания»
«Дружба» - «Тэрч-2»
«Черноморец» - «ІэфІыпс»

«Спартак-Налшык» - «Краснодар-2»
МИТОС - «Астрахань»
«Динамо-Ставрополь» - «Биолог-Новокубанск»
«Ангушт» - СКА

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат

ПІощІрэ ещанэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 5
(щэбэт)
«Нарт» (Нарткъалэ) - «Автозапчасть» (Бахъсэн)
«Бедик» (Арщыдан) - «Кэнжэ» (Кэнжэ)
«Союз» (Налшык) - «Тэрч» (Тэрч)
«Къэбэрдей» (Шэрдж Ищхьэрэ) - «Шэджэм-2» (Шэрджэм ЕтІуанэ)

ФокІадэм и 6
(тхьэмахуэ)
«Велес» (Къэрэгъэш) - «Къэхъун» (Къэхъун)
«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу)
«Спартак-Д» (Налшык) - «Щтауч» (Шэрдэжм)
«Бахъсэн» (Бахъсэн) - «Родник» (Псынэдахэ)

ПІощІрэ еплІанэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 12
(щэбэт)
«Автозапчасть» - «Союз»
«Тэрч» - «Велес»
«Родник» - «Къэхъун»
«Щтауч» - «ГлоВАЗ»

ФокІадэм и 13
(тхьэмахуэ)
«Бахъсэн» - «Къэбэрдей»
«Шэджэм-2» - «Спартак-Д»
«Псыгуэнсу» - «Бедик»
«Кэнжэ» - «Нарт»

ПІощІрэ етхуанэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 19
(щэбэт)
«Велес» - «Автозапчасть»
«Къэхъун» - «Тэрч»
«Бедик» - «Щтауч»
«Союз» - «Кэнжэ»

ФокІадэм и 20
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Д» - «Бахъсэн»
«Къэбэрдей» - «Родник»
«Нарт» - «Псыгуэнсу»
«ЛогоВАЗ» - «Шэджэм-2»

ПІощІрэ еханэ джэгуГъуэ

ФокІадэм и 26
(щэбэт)
«Автозапчасть» - «Къэхъун»
«Псыгуэнсу» - «Союз»
«Къэбэрдей» - «Спартак-Д»
«Шэджэм-2» - «Бедик»

ФокІадэм и 27
(тхьэмахуэ)
«Бахъсэн» - «ЛогоВАЗ»
«Щтауч» - «Нарт»
«Кэнжэ» - «Велес»
«Родник» - «Тэрч»

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэзэ), **БжьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ1эпыдж Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудэзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суръэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыыкІэр зэтеуту щытхъум.

Газетыр Іэ тезыдзакъэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуэуацІэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр зэхуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкІыгъэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудэзэ ДыщэкІ Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректоркэ Афэ Тамарэ *(1, 3, 6-нэ нап.),* ПхытІыкІ Азэмэт *(2, 4, 5-нэ нап.).* *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* Доп Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ траддэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1451